

SOUTH DAKOTA

Dwa Parantal avèk Pwosedì Mizangad



Edikasyon se youn nan responsablite pi enpòtan yon paran genyen nan elevasyon timoun li. Sèvis **edikasyon espesyalize** pou elèv 3-21 an ka yon opsyon ki disponib pou paran ki gen timoun ki gen difikilte pou aprann akòz sèten andikap. Si w wè yon timoun gen difikilte akademik, sosyal oswa emosyonèl, yo ankouraje w kolabore avèk pèsònèl lekòl la pou deside sou fason pou ede pitit ou a. Se pa tout timoun ki gen difikilte lekòl ki kalifye pou sèvis edikasyon espesyalize.

Objektif dokiman sa a se pou founi w enfòmasyon debaz enpòtan sou dwa w kòm paran yon **timoun k ap viv avèk andikap** nan Sid Dakota. Tanpri analize dokiman an avèk anpil atansyon. Si w gen kesyon oswa bezwen yo ede w konprann règ pogram edikasyon espesyalize Eta a, kontakte youn nan òganizasyon nan lis alafen dokiman sa a, direktè sikonskripsyon eskolè w la, oswa reprezantan.

Lwa Edikasyon pou Moun k ap viv ak Andikap (IDEA) se yon lwa leta federal, ki egzije lekòl yo founi sèvis edikasyon espesyalize epi espesifye pwosedi lekòl yo dwe respekte. Lwa Eta a gen konsiy tou sou pwovizyon sèvis pou elèv edikasyon espesyalize yo. Si w se yon paran yon timoun k ap viv ak yon andikap sou jiridiksiyon lwa IDEA a, gid manyèl sa a se yon notifikasyon pou enfòmè w sou pwosedi mizangad ki anplas ansanm ak eksplikasyon sou prensip ak obligasyon edikasyon espesyalize ki la pou sèvi w.

**** W ap jwenn mo an karaktè gra atravè dokiman sa a nan paj ki gen lis akwonim ak definisyon yo alafen.**

Kontak ou Lekòl la pou Pogram Edikasyon Espesyalize

Sikonskripsyon: *Tanpri ajoute enfòmasyon sa yo nan bwat sa a.*

Kontak Sikonskripsyon an:

Nimewo Telefòn:

Adrès Email:

Tab Dèmatyè

GENERAL INFORMATION.....	5
Notifikasyon sou Pwosedi Mizangad yo	5
Konsantman Parental	5
Konsantman pou Preme Evalyasyon an.....	6
Konsantman pouy Sèvis yo	7
Pèmasyon pou Revevalyasyon.....	8
Lòt Konsiy pou Konsantman	9
Notifikasyon Preyalab Alekri.....	9
Evalyasyon Edikasyon Endependan (IEE).....	10
EDUCATIONAL RECORDS	12
Konfidansyalite Enfòmasyon & Aksè Dosye Akademik yo.....	12
Modifikasyon Dosye sou Demann Paran an	16
Rekòmandasyon ak Aksyon Mentyen Lòd Piblik & Otorite Jidisyè nan Transmisyon Dosye	18
PLASMAN TIMOUN YO PA PARAN YO NAN LEKÒL PRIVE.....	19
Plasman Timoun yo pa Paran yo nan Lekòl Prive	19
Timoun Paran yo Mete nan Lekòl Prive si FAPE se yon problèm	19
MEZI DISIPLINÈ POU ELÈV K AP VIV AK ANDIKAP	21
Mezi Disiplinè pou Elèv k ap Viv ak Andikap.....	21
Chanjman Disiplinè nan Plasman Elèv la	22
Detèminasyon Manifestasyon ak Aboutisman Posib	23
Sikonsans Espesyal ak Aboutisman Posib	24
Pwosè Ofisyèl Plent konsènan Disiplin Elèv k ap vik ak yon Andikap.....	24
Pwoteksyon pou timoun yo pa Detèmine Elijib pou Edikasyon Espesyalize ak Sèvis ki koresponn yo	26
PWOSEDI LETA POU REZOUZ LITIJ	27
Plent kont Leta.....	27
Entèsesyon Legal	29
Pwosè Ofisyèl Odyans pou Plent	31
Pwosè Ofisyèl pou yon Odyans Ekitab.....	31
Dwa pou gen yon Odyans	32
Divilgasyon Enfòmasyon Siplemantè.....	32

Dwa Parantal nan Odyans lan.....	33
Desizyon Odyans lan.....	33
Ofisye Odyans Ekitab	33
Kalandriye pou Odyans.....	34
Sitiyasyon Timoun nan Pandan Pouswit yo (“An-Atant”)	34
Validite Plent lan.....	35
Repons Sikonskripsyon an pou yon Pwosè Odyans pou Plent Paran depoze	35
Repons lòt enstans konsène nan pwosè ofisyèl odyans pou plent lan	36
Reyinyon Rezolisyon	36
Peryòd 30 jou Rezolisyon	36
Ajisteman pou Peryòd 30 jou Rezolisyon an	37
Akò Alekri Antant lan	37
Tèm Pwosè Ofisyèl yon Plent	37
Finalite Desizyon an	38
Aksyon Sivil	38
Frè Avoka a	38
Dekouvèt ak Desizyon pou Komite Konsiltatif ak Piblik Jeneral.....	39
TRANSFÈ DWA YO	40
Transfè Dwa Parantal Alaj Majè	40
ABREVIYASYON AK SIYIFIKASYON.....	41
RESOUS.....	41

Kòm paran yon timoun k ap viv ak andikap, yo byen dekri dwa parantal ki disponib pou w yo, epi w ap jwenn enfòmasyon sa yo tou nan pogram Edikasyon Espesyalize Sid Dakota jan sa detaye nan Règleman Administratif Sid Dakota (**ARSD**), [Article 24:05](#). Yo pibliye sitasyon espesifik anrapò ak Règleman Administratif yo kòmsadwa. Kòm konsiy lwa IDEA a, pwosedi mizangad sa yo obligatwa, yo bay règleman espesifik sitasyon pou [Part B of the IDEA \(34 CFR Part 300\)](#) nan dokiman sa a kòm pwen de referans siplemantè.

Dokiman sa a la kòm rezime pwovizyon edikasyon espesyalize nan lwa Eta Sid Dakota epi **Pati B** lwa federal IDEA (34 **CFR** Pati 300). Tanpri gade regilasyon ak pwovizyon legal yo pou w konnen langaj ki koresponn lan.

GENERAL INFORMATION

Notifikasyon sou Pwosedi Mizangad yo

[34 CFR 300.504\(a\) & \(b\); ARSD 24:05:30:06.01](#)

Yo dwe ba w yon kopi notifikasyon sou pwosedi mizangad lan, kòm paran yon timoun k ap viv ak andikap omwen yon fwa chak ane eskolè. Yo dwe ba w yon kopi tou:

1. Nan premye rekòmandasyon oswa demann pou fè evalyasyon pou pitit ou;
2. Lè w fè demann lan ou menm;
3. Lè yo met pitit ou an nan disiplin ki ka afekte sèvis pitit ou a resevwa;
4. Apre ou fin premye depoze plent nan Leta oswa jijman Pwosè Ofisyèl plent nan yon ane eskolè.

Yo ka poste yon kopi notifikasyon pwosedi mizangad la sou sitwèb sikonskripsyon lekòl la.

Konsantman Parental

[34 CFR 300.9; ARSD 24:05:25:02.01, 24:05:25:02.02](#)

“**Konsantman**” vle di w ap resevwa tout enfòmasyon nesèsè pou w konprann aktivite ki dekri a epi w dakò alekri pou w fè aktivite a. Konsa, ou ka bay pèmasyon ou. Yo dwe ba w enfòmasyon an nan lang ou oswa modalite kominikasyon ou itilize a. Si aktivite ou bay konsantman ou lan mande pou yo pataje dosye pitit ou an, y ap fè w konnen kilès nan dosye yo y ap pataje epi avèk kilès yo ka

Lang Natif Natal

[34 CFR 300.29](#)

(a) Lang natif natal, lè sa itilize parapò ak yon moun ki limite nan Anglè, vle di:

Lang moun lan abitye pale osnon nan ka yon timoun, lang paran

pataje dosye sa yo. Bay konsantman volontè epi ou ka anile l a nenpòt ki moman.

Si w elimine konsantman w, l ap kouvri sèlman aktivite k ap gen pou fèt alavni, pa aktivite ki pase deja. Si w elimine konsantman alekri pou pitit ou resevwa edikasyon espesyalize ak **lòt sèvis ki koresponn** apre pitit ou te fin kòmanse pogram edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn yo, sikonskripsyon lekòl la pa nan lobligasyon retire ankenn enfòmasyon nan dosye timoun lan konsènan edikasyon espesyalize avèk lòt sèvis pitit ou resevwa avan ou te elimine konsantman ou. Apre ou fin retire (anile) konsantman alekri ou te bay lekòl la, sikonskripsyon lekòl la dwe ba w notifikasyon preyalab alekri epi sispann edikasyon espesyalize ak pitit ou ansanm ak tout lòt sèvis ki koresponn yo.

Konsantman pou Premye Evalyasyon an

34 CFR 300.300(a); 34 CFR 300.45; ARSD 24:05:25:02.01; ARSD 24:05:15:06

Sikonskripsyon lekòl ou a dwe ba w notifikasyon alekri epi gen pèmasyon w avan ou kòmanse premye evalyasyon pitit ou an pou detèmine si pitit ou kalifye, selon Pati B lwa IDEA a, pou resevwa edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn yo.

1. Sikonskripsyon lekòl ou a dwe fè jefò rezonab pou jwenn konsantman declare w pou inisye premye evalyasyon an.
2. Pèmasyon pou yon premye evalyasyon pa vle di ou bay konsantman pou pitit ou jwenn edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn yo.
3. Si pitit ou w enskri oswa eseye enskri nan lekòl piblik epi ou refize bay pèmasyon pou yon premye evalyasyon oswa ou pa reponn demann pou konsanti fè yon premye evalyasyon, sikonskripsyon lekòl ou a ka, men pa oblije, itilize pwosedi IDEA met anplas pou rezolisyon litij (tankou, entèsasyon legal, pwosè ofisyèl konplent)

timoun lan itilize, apa eksepsyon ki bay nan paragraf (a)(2) seksyon sa a.

Nan tout kontak dirèk avèk yon timoun (evalyasyon timoun lan enkli), lang timoun lan nòmman pale lakay li oswa nan espas kote l ap aprann.

(b) Pou yon moun ki pa tande oswa pa wè, osnon pou yon moun ki pa gen ankenn langaj ekri, modalite kominikasyon moun lan nòmman itilize a (tankou langaj an siy, Bray, oswa kominikasyon oral).

Definisyon yon Paran

34 CFR 300.30; ARSD 24:05:13:04

1. Paran byolojik oswa adoptif timoun lan;
2. Yon paran ranplasan amwenske lwa eta a, regilasyon oswa kontra anpeche sa;
3. Yon gadò tribinal la deziye epi otorize pou sèvi kòm paran timoun lan, oswa pou pran desizyon sou edikasyon timoun lan;
4. Yon endividi ki jwe wòl paran nan absans paran byolojik oswa adoptif lan (granparan, boparan, oswa lòt fanmi) timoun lan viv avèk, oswa yon moun ki responsab legalman pou byenèt timoun lan;
5. Yon paran ranplasan deziye selon kondisyon edikasyon espesyalize met anplas; **oswa**
6. Yon oswa plizyè moun espesifik Tribinal la mandate pou sèvi kòm "paran" yon timoun oubyen pou pran desizyon edikasyon pou timoun lan.

Si w se paran byolojik oswa adoptif timoun lan, ou konsidere paran an

pou diskite lefè ou pa konsanti pou inisye premye evalyasyon pitit ou a.

4. Si sikonskripsyon lekòl la pa egzije yon evalyasyon dapre pwosèdi rezolisyon litij IDEA (ki ve di, entèsesyon legal, pwosè ofisyèl pou konplent), li pap vyole dwa timoun lan pou jwenn, idantifye epi evalye pitit ou osnon obligasyon konsènan pèmision, evalyasyon, ak reyevalyasyon parantal.

Si timoun lan sou lobedyans Leta epi l pap viv ak paran l, lekòl lan pa bezwen pèmision paran an pou inisye premye evalyasyon pou detèmine si timoun lan se yon timoun ki gen yon andikap si:

1. Lekòl la pa ka jwenn kote paran yo ye apre plizyè tantativ konsekan pou jwenn yo;
2. Dwa parantal yo te elimine selon lwa Leta; **oswa**
3. Yon jij te pase lòd pou pran desizyon sou edikasyon, tankou pèmision pou premye evalyasyon fèt, bay yon moun ki pa paran an epi moun sa te bay konsantman l.

Konsantman pou Sèvis yo

34 CFR 300.300(b)

Sikonskripsyon lekòl ou a dwe gen pèmision anvan l ka bay pitit ou an edikasyon espesyalize pou lapremyè fwa.

1. Sikonskripsyon lekòl la dwe fè tout jefò pou jwenn konsantman deklare w anvan yo kòmanse edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn bay pitit ou an pou **lapremyè fwa**.
2. Si w pa reponn premye demann pou bay pèmision pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn, oswa si w refize bay pèmision w, oswa retire pèmision alekri w an apre, sikonskripsyon lekòl la **ka pa** itilize pwosedi rezolisyon litij IDEA yo (tankou entèsesyon legal, pwosè ofisyèl pou plent) pou pase odela desizyon

amwenske ou pa gen otorite legal pou pran desizyon edikasyon timoun lan. Leta pa ka paran si timoun lan sou gad Leta.

Definisyon sou Gad Leta

34 CFR 300.45; ARSD 24:05:13:01

Sou lobedyans Depatman Deta, jan

IDEA itilize tèm sa a vle di yon timoun ki se:

1. Yon timoun fanmi dakèy;
2. Konsidere kòm sou lobedyans Depatman Deta selon lwa Leta; **oswa**
3. Sou gad sèvis piblik byenèt timoun.

Eksepte:

Sou lobedyans Depatman Deta pa enkli timoun ki nan yon fanmi dakèy, ki gen yon paran dakèy ki ranpli kritè definisyon yon paran.

Definisyon Paran Altènatif

34 CFR 300.519; ARSD 24:05:30:15

Chak sikonskripsyon lekòl dwe etabli pwosedi ki eksplike responsablite paran altènatif la pou asire dwa timoun lan pwoteje si pa gen paran, jan sa defini nan § 24:05:13:04, ki kapab idantifye epi distrik lan fè bon jan jefò men pa rive lokalize paran timoun lan oswa timoun lan sou lobedyans Depatman Deta oubyen timoun lan se yon jèn sanzabri ki pa akonpaye, jan seksyon 725(6) Lwa McKinney-Vento Homeless Assistance Act defini sa, modifye 1 janvyè 2009. Yon metòd distrik lan itilize pou detèmine si yon timoun bezwen yon paran altènatif gen arevwa avèk:

pa bay pèmision w lan pou pitit ou jwenn sèvis edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn.

3. Si w refize bay pèmision w, pa reponn demann yo fè w pou bay pèmision pou pitit ou resevwa edikasyon espesyalize ak lòt sèvis siplemantè pou lapremyè fwa, oswa ou retire pèmision ou te bay alekri an apre kidonk lekòl la kanpe sèvis edikasyon espesyalize ak lòt sèvis siplemantè yo bay pitit ou an, sikonskripsyon lekòl la:
 - a. Pap an vyolasyon kont egzijans ki mande pou mete disponib pou pitit ou **edikasyon piblik apwopriye gratis** (FAPE) paske li pa bay timoun lan sèvis sa yo; **epi**
 - b. Pa oblije fè reyinyon pou elabore yon **pogram edikasyon endividyalize (IEP)** ni devlope yon IEP pou pitit ou a pou deside edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn li ka bezwen.

(1) Idantifikasyon estaf distrik lan oswa onivo batiman an ki responsab pou rekòmande elèv ki nan bezwen pou yon paran altènatif;

(2) Pwovizyon pou fòmasyon entèn sou kritè nan seksyon sa a pou detèmine si yon timoun bezwen yon paran altènatif; epi

(3) Etablisman yon sistèm rekòmandasyon anndan distrik lan pou deziye yon paran altènatif la.

Si w retire pèmision alekri w apre pitit ou an fin resevwa edikasyon espesyalize ak lòt sèvis siplemantè, lekòl la dwe ba w notifikasyon preyalab alekri, jan sa dekri sou antèt **Prior Written Notice**, epi dwe kanpe sèvis timoun lan ap resevwa apre yo fin ba w notifikasyon preyalab alekri.

Pèmision pou Reyevalyasyon

34 CFR 300.300(c) and (d); ARSD 24:05:25:06.01

Sikonskripsyon lekòl ou a dwe gen pèmision anvan li reevalye pitit ou an amwenske lekòl la ka demontre epi pwouve dokimantasyon:

1. Li te pran tout dispozisyon nesèsè pou jwenn pèmision pou reevalye pitit ou an; **epi**
2. Ou pa t reponn.

Menm jan ak premye evalyasyon yo, sikonskripsyon lekòl la pap an vyolasyon obligasyon legal ki mande jwenn timoun ki bezwen ankadreman espesyalize ak lòt obligasyon jan Pati B lwa IDEA a mande a si l pa fè demach fè reevalyasyon an lè w refize bay pèmision pou sa.

Sikonskripsyon lekòl ou a dwe kenbe dosye tout dispozisyon l te pran pou jwenn pèmision ou pou fè premye evalyasyon an pou founi edikasyon espesyalize ak lòt sèvis siplemantè pou lapremyè fwa, fè reevalyasyon, epi jwenn paran timoun ki sou lobedyans leta pou evalyasyon inisyal yo. Dokimantasyon dwe genyen fichye tantativ lekòl la fè nan domèn sa yo:

1. Fichye detaye tout kout fil ki fèt oswa tante fèt epi rezilta apèl sa yo;
2. Kopi tout korespondans yo voye ba w ansanm ak repons yo resevwa; **epitou**
3. Fichye detaye vizit ki fèt lakay ou oswa nan kote ou travay epi rezilta vizit sa yo.

Lòt Konsiy pou Konsantman

34 CFR 300.300(d); ARSD 24:05:25:02.03

Pèmision w pa obligatwa avan sikonskripsyon lekòl la ka:

1. Reyanalize done aktyèl yo nan kad evalyasyon oswa reyevalyasyon pitit ou an; **oswa**
2. Bay pitit ou an yon tès oswa lòt evalyasyon yo bay tout timoun amwenske, anvan tès lan oswa evalyasyon an bay, pèmision obligatwa pou tout paran tout timoun bay.

Sikonskripsyon lekòl ou an ka pa respekte refize ou refize bay pèmision w pou fè evalyasyon oswa resevwa sèvis selon jan lwa IDEA mande sa a pou refize bay ou menm oswa pitit ou an ankenn lòt sèvis, benefis, oswa aktivite, eksepte jan sa mande nan Pati B lwa IDEA.

Si w te enskri pitit ou nan yon lekòl prive ou peye ou menm oswa ou anseye pitit ou lakay li epi ou pa bay pèmision pou yo fè yon inisyal evalyasyon oswa yon reyevalyasyon pou pitit ou an, oswa ou pa bay repons pou yo jwenn pèmision w, lekòl la pap aplike pwosedi pou rezolisyon litij jan lwa IDEA mande sa (tankou fè entèsasyon legal, pwosè ofisyèl plent) pou iyore absans pèmision w lan. Nan sikonstans sa yo, sikonskripsyon lekòl la pa oblije pran an konsiderasyon elijibilite pitit ou an pou l jwenn sèvis ekkitab (sèvis yo mete disponib pou sèten timoun paran mete nan lekòl prive k ap viv ak andikap, ki selon lwa SD, elèv ki swiv fòmasyon lakay yo pa konsidere pou jwenn sèvis ekkitab).

Notifikasyon Preyalab Alekri

34 CFR 300.503; 34 CFR 300.505; 34 CFR 300.304; ARSD 24:05:30:04

Omwen senk **jou** alavans, lekòl la dwe ba w **notifikasyon peyalab alekri** anvan rekòmandasyon oswa refu pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, plasman akademik, oubyen pwovizyon FAPE pou pitit ou. Ou kapab renonse ak dwa pou jwenn notifikasyon preyalab alekri a si w vle chanjman an efektiv anvan senk jou jan sa mande nan notifikasyon an.

Notifikasyon preyalab alekri a dwe:

1. Dekri aksyon sikonskripsyon lekòl la planifye osnon refize pran;
2. Eksplike poukisa sikonskripsyon lekòl la planifye oswa refize pran aksyon an;
3. Dekri chak pwosedi evalyasyon, analiz, dosye, oswa rapò lekòl la itilize nan pwosesis desizyon pou planifye oswa refize pase alaksyon;
4. Ajoute dokiman deklarasyon sou pwoteksyon dwa w selon pwovizyon pwosedi mizangad yo jan sa detaye nan Pati B lwa IDEA;
5. Di w kibò ou ka jwenn plis sou pwosedi mizangad yo si planifikasyon oswa refu pou pase alaksyon an pa yon premye rekòmandasyon pou fè evalyasyon an;
6. Mete enfòmasyon tout resous ki ka ede w konprann Pati B lwa IDEA a;
7. Dekri tout lòt opsyon **Ekip IEP** pitit ou an konsidere epi poukisa opsyon sa yo te rejte;

8. Bay yon deskripsyon lòt faktè lekòl la pran an konsiderasyon pou l pran desizyon pou planifye oswa refize pase alaksyon; **epi**
9. Si sikonskripsyon lekòl ou an ap planifye fè yon evalyasyon, dekri tout pwosedi lekòl la planifye mennen an.

Notifikasyon preyalab alekri a dwe:

1. Ekri nan yon langaj fasil pou konprann; **epi**
2. Prezante nan lang natif natal ou oswa lòt modalite kominikasyon, amwenske sa pa fezab.

Si lang natif natal ou oswa lòt modalite kominikasyon se pa yon langaj ekri l ye, sikonskripsyon lekòl la dwe pran mezi pou asire:

1. Notifikasyon yo tradwi pou w aloral oswa pa lòt mwayen nan lang natif natal ou oswa lòt modalite kominikasyon an;
2. Ou konprann kontni notifikasyon an; **epi**
3. Gen dokimantasyon alekri ki fè konnen swa nimewo 1 swa 2 a respekte.

Ou kapab chwazi pou resevwa notifikasyon preyalab alekri, notifikasyon sou pwosedi mizangad yo, avèk notifikasyon anrapò ak pwosè ofisyèl plent pa vwa lèt elektwonik (email), si sa disponib. Lekòl ou a ap verifye pou wè si w ta swete resevwa notifikasyon pa lèt elektwonik.

Evalyasyon Edikasyon Endependan (IEE)

34 CFR 300.502; ARSD 24:05:30:03

Ou gen dwa pou yo fè yon **IEE** pou pitit ou sou frè Leta si w pa dakò pou lekòl la fè evalyasyon an.

Yon IEE vle di yon evalyasyon yon enspektè kalifye fè ki pa anplwaye nan sikonskripsyon lekòl la.

Frè Leta a vle di sikonskripsyon lekòl la swa peye pou tout pri evalyasyon an oswa asire yo founi w evalyasyon an san peye, jan sa mande nan pwovizyon Pati B IDEA a.

Si w mande pou yo fè yon IEE, lekòl la ka mande w bay rezon ki fè ou refize evalyasyon lekòl la. Ou pa oblije eksplike rezon ki fè w refize a.

Lè w mande pou yo fè yon IEE, lekòl la ap ba w enfòmasyon sou kote ou ka al fè IEE a epi kritè lekòl la ki aplikab pou IEE yo.

Si yon IEE ap fèt sou frè Leta, kritè lekòl la pou evalyasyon an, enkli kote enspektè a sitiye ak ak kalifikasyon l genyen ki dwe menm ak kritè lekòl la itilize lè l ap inisye yon evalyasyon. Apa kritè ki dekri pi wo yo, sikonskripsyon lekòl la pap enpoze lòt egzijans ni delè pou jwenn IEE a.

Sikonskripsyon lekòl la dwe swa apwouve IEE an fèt sou frè Leta, swa lekòl la dwe depoze yon pwosè ofisyèl pou fè odyans pou pwouve evalyasyon lekòl la apwopriye oswa IEE k ap mande oswa yo jwenn lan pa ranpli kritè sikonskripsyon lekòl la.

Si sikonskripsyon lekòl la depoze yon pwosè ofisyèl pou mande odyans yon plent epi ofisye odyans lan bay desizyon final li pou di evalyasyon sikonskripsyon lekòl lan apwopriye, ou toujou gen dwa fè IEE a, men se pap sou frè Leta.

Ou gen dwa pou w fè yon IEE pou pitit ou sou frè Leta chak fwa lekòl la fè yon evalyasyon pitit ou.

Si w fè yon IEE sou frè Leta oswa pataje ak lekòl la pou bay fè yon evalyasyon sou depans prive, Ekip IEP a dwe **pran an konsiderasyon** tout IEE oswa lòt evalyasyon ou pataje avè yo ki an règ ak kritè lekòl la genyen pou IEE nan tout desizyon ki pran parapò ak pwovizyon FAPE lan pou pitit ou.

Rezilta pou IEE a dwe prezante pa nenpòt ki enstans kòm prèv nan pwosè ofisyèl odyans pitit ou an.

Si ofisye odyans lan mande pou yon IEE fèt pou pwosè ofisyèl plent lan, frè evalyasyon an ap depans Leta.

Konfidansyalite Enfòmasyon & Aksè Dosye Akademik yo

34 CFR 300.611-617; ARSD 24:05:29; 34 CFR 300.622-625; 34 CFR 300.32

Lwa sou Dwa Edikasyon Familyal ak Konfidansyalite (FERPA) a bay paran yo ak elèv ki gen 18 tan ou pi gran (“elèv elijib”) sèten dwa parapò ak dosye elèv la tankou dwa pou yo gen aksè (enspekte ak revize) dosye yo epitou pwoteje konfidansyalite dosye sa yo. IDEA kouvri tou kesyon aksè ak konfidansyalite dosye yo.

Notifikasyon bay Paran yo Konsènan Konfidansyalite Enfòmasyon ak Aksè ak Enfòmasyon Konfidansyèl

Selon FERPA, chak ane, yon lekòl dwe fè paran elèv prezan yo konnen dwa yo selon FERPA. Notifikasyon anyèl la dwe gen ladan enfòmasyon sou dwa paran an pou l enspekte epi revize dosye lekòl pitit li, dwa pou mande modifye dosye yo, dwa pou pèmèt **enfòmasyon pèsònèl idantifyab (PII)** nan dosye yo (eksepte nan sèten sikonstans) parèt, epi dwa pou depoze plent devan Biwo

Pou Fanmi Respekte Direktif Depatman Edikasyon Etazini kont akizasyon lekòl la ta vyole règ FERPA. Lekòl la dwe enfòme paran yo sou definisyon tèm “otorite eskolè” avèk “enterè pedagojik lejitim”.

FERPA pa mande pou lekòl la avize chak paran sou dwa yo selon FERPA. Depreferans, lekòl la kapab bay notifikasyon anyèl la pa nenpòt ki mwayen ki ka fè paran yo konnen dwa yo.

Selon ni FERPA ni IDEA, sikonskripsyon lekòl:

Dwe pèmèt ou enspekte epi revize tout dosye lekòl ki gen arevwa ak pitit ou ki kolekte, prezève, oswa lekòl la itilize selon Pati B lwa IDEA a;

Dosye Eskolè

34 CFR 300.611(b), 34 CFR Pati 99.;
Otorite: 20 U.S.C. 1232g(a)(4))

FERPA

Lwa sou Dwa Edikasyon Familyal ak Konfidansyalite (FERPA) se yon lwa federal ki bay paran yo dwa pou gen aksè ak dosye akademik pitit yo, dwa pou chache modifye dosye yo, epi dwa pou gen yon sèten kontwòl sou enfòmasyon pèsònèl idantifyab k ap kominike nan dosye akademik yo. Lè yon elèv gen 18 tan oswa kòmanse lekòl possegondè a nenpòt ki laj la, dwa FERPA transfere soti nan men paran yo al pou elèv la (“elèv elijib”).

(a) Tèm lan vle di dosye yo:

1. Dirèkteman lye ak elèv lan; **epi**
2. Se yon òganis oswa enstitisyon eskolè ki kenbe yo oswa yon enstans k ap fonksyone pou yon òganis oswa enstitisyon.

(b) Tèm lan pa enkli:

1. Dosye pou pèsònèl enstriksyon, sipèvizyon, ak administrasyon, epi pèsònèl pedagojik konplèmantè pou moun ki gen sèl responsablite fè dosye yo ki pa aksesib ni kominike bay ankenn lòt moun eksepte yon ranplasan tanporè ki responsab dosye yo;
2. Dosye sèvis mentyen lòd piblik nan òganis oswa enstitisyon eskolè, men sèlman si dosye edikasyon akademik òganis oswa enstitisyon akademik lan prezève yo pa kominike bay

1. Dwe respektè demann ou pou enspekte epi revize dosye pitit ou san reta initil, anvan reyinyon IEP a, seyans rezolisyon yo, oswa pwosè ofisyèl odyans lan (konsènan idantifikasyon, evalyasyon, plasman akademik, disiplin oswa pwovizyon FAPE); **epi**
2. Pa dwe pran plis pase 45 jou kalandriye pou reponn apre demann lan fin fèt.

Dwa w pou enspekte epi revize dosye akademik yo enkli:

1. Dwa pou jwenn repons sikonskripsyon lekòl la parapò ak demann rezonab ki fèt sou eksplikasyon ak entèpretasyon dosye yo
2. Dwa pou mande lekòl la bay kopi dosye ki gen enfòmasyon yo si pa founi kopi sa yo ap anpeche w egzèsè dwa w kòm sadwa pou enspekte ak revize dosye yo; **epi**
3. Dwa pou w gen reprezantan ou revize dosye yo.

Sikonskripsyon lekòl la ap sipoze ou gen otorite pou revize dosye pitit ou amwenske lekòl la ta gen enfòmasyon otreman ki di ou pa gen pèmision.

Sikonskripsyon lekòl la dwe kenbe dosye enstans ki te jwenn aksè ak dosye lekòl ki te kolekte yo, prezève, oswa te itilize selon Pati B lwa IDEA a (eksepte aksè ou genyen oswa anplwaye sikonskripsyon lekòl la otorize) tankou non enstans lan, dat yo te otorize aksè a, epi nan ki objektif yo te otorize enstans lan itilize dosye yo. Ou menm oswa elèv ou a si l elijib ka mande enspekte fichye daksè a.

Si gen ankenn dosye akademik ki gen enfòmasyon sou plis pase yon timoun, chak paran gen dwa pou enspekte epi revize sèlman enfòmasyon ki anrapò ak pitit ou an oswa jwenn enfòmasyon espesifik sèlman sou pitit ou an.

Sikonskripsyon lekòl la dwe ba w, sou demann, yon lis tout kalte dosye akademik ak kote dosye lekòl la te kolekte, prèzeve, oswa itilize.

enstans lan epi dosye mentyen lòd piblik yo kenbe separeman ak dosye akademik yo, prezève sèlman pou rezon mentyen lòd piblik epi kominike sèlman bay ofisyèl mentyen lòd piblik ki nan menm jiridiksyon;

3. Dosye anrapò avèk yon moun òganis oswa enstitisyon akademik lan anplwaye ki pwodwi epi rete nan lòd nòmal biznis ki gen rapò ak endividi an sèlman nan fonksyon l kòm anplwaye epi ki pa disponib pou ankenn lòt izaj. Dosye moun ki frekante òganis oswa enstitisyon an ki vin anplwaye akòz estati l kòm etidyan, konsidere kòm dosye akademik moun lan kidonk pa sipoze antre nan kategori sa a;
4. Dosye yon elèv ki gen 18 tan oswa pi gran, oswa ki nan lekòl pou etid possepondè:

(i) Pwodwi oswa klase pa yon doktè, sikyat, sikològ, oswa lòt pwofesyonèl oubyen asistan pwofesè k ap fonksyone nan kapasite pwofesyonèl oswa ede nan kapasite asistan pwofesè;

(ii) Pwodwi, klase, oswa itilize sèlman an koneksyon avèk tretman elèv la; epi

(iii) Kominike sèlman ak endividi k ap bay tretman. Nan bi pou bay definisyon sa a, "tretman" pa enkli aktivite ratrapaj ni aktivite ki fè pati pogram enstriksyon òganis oswa enstitisyon;

Lekòl la ka fè w peye yon frè pou kopye dosye yo met disponib pou w selon Pati B lwa IDEA a, si frè sa a pap anpeche w analize dosye yo san pblèm.

Yo dwe jwenn pèmasyon avan enfòmasyon pèsònèl idantifyab yo pataje ak lòt moun, amwenske FERPA oswa IDEA pèmèt sa otreman.

Selon lwa IDEA a, pèmasyon ou alavans pa nesèsè pou kominike bay otorite ajans patisipan yo k ap kolekte epi itilize enfòmasyon yo selon jan Pati B lwa IDEA a mande sa, eksepte si:

5. Dosye yo kreye oswa resevwa pa yon òganis oswa enstitisyon eskolè apre moun lan pa yon elèv prezan ankò epi ki pa dirèkteman lye ak prezans moun lan kòm elèv; epi
6. Nòt papye korije pa kòlèg avan yo kolekte epi pwofesè a anrejistre yo.

1. Pèmasyon ou menm oswa pèmasyon elèv ou si l elijib, dwe bay anvan ankenn enfòmasyon pèsònèl idantifyab kominike bay otorite ajans patisipan yo oswa peye pou **sèvis tranzisyon**; epi
2. Si pitit ou an nan oswa pwal ale nan yon lekòl prive, yo dwe gen pèmasyon ou anvan ankenn enfòmasyon pèsònèl ki idantifye pitit ou a kominike ant otorite lekòl piblik kote pitit ou an pwal nan lekòl prive a ansanm ak otorite lekòl nan distrik lokal pitit ou an.

Selon FERPA, pèmasyon ou pa obligatwa anvan enfòmasyon pèsònèl idantifyab kominike:

1. Bay lòt otorite lekòl yo, tankou pwofesè nan sikonskripsyon eskolè ou lekòl lan detèmine gen yon enterè pedagojik lejitim. Sa enkli soutretan, konsiltan, volontè, oswa lòt enstans lekòl la soutrete sèvis oswa fonksyon enstitisyon an, si yon seri egzijans respekte.
2. Pou otorite yon lòt lekòl, yon lòt sistèm akademik oswa enstitisyon eskolè possegondè kote pitit ou an ap chache oswa gen lentansyon enskri, oswa pitit ou an deja enskri, si kominike an fèt nan kad enskripsyon oswa transfè pitit ou an, si kondisyon aplikab yo respekte (patikilyèman si notifikasyon anyèl la fè paran yo konnen lekòl la pibliye dosye yo selon eksepsyon sa a, oswa lekòl la te fè tout dilijans pou avize w menm oswa elèv ou an si l elijib nan dènye adrès yo gen pou w, oswa kominike a se w menm oswa elèv ou an ki inisyè l).
3. Pou reprezantan otorize nan Biwo Kontwòl Jeneral Etazini, Komisè Gouvènman Etazini, Sekretè Edikasyon Etazini, oswa Leta ak lòt otorite eskolè lokal yo, tankou Depatman Edikasyon Sid Dakota. Kominike selon pwovizyon sa a kapab fèt, dapre sèten egzijans, an koneksyon avèk yon odit oswa evalyasyon pogram eskolè otorite Federal oswa Leta lokal yo sibvansyone, osnon pou ranfòse oubyen pou rann konfòm avèk egzijans legal otorite Federal ki anrapò ak pogram sa yo. Antite sa yo ka kominike lòt enfòmasyon pèsònèl idantifyab bay lòt enstans ekstèn yo deziye kòm reprezantan otorize pou fè tout odit, evalyasyon, oswa pou ranfòse oubyen konfòme aktivite pou yo, si egzijans aplikab yo respekte.

4. Parapò avèk èd finansyè pitit ou an aplike pou jwenn oswa pitit ou resevwa, si enfòmasyon an nesèsè pou rezon sa yo kòm kwa pou detèmine elijibilite pou jwenn èd la, pou detèmine montan èd la, detèmine nan kondisyon pou èd la bay, oswa ranfòse delè ak kondisyon jeneral èd la.
5. Pou ofisyèl oswa otorite Leta ak lokalite pou ki yo dwe rapòte oswa kominike enfòmasyon selon òdinans Leta konsènan zafè sistèm jidisyèl jèn timoun epi avèk kapasite sistèm lan pou l sèvi, anvan jijman, kòm sadwa, elèv ki gen dosye l bibliye, selon egzijans aplikab yo.
6. Pou òganizasyon k ap mennen etid yo pou, oswa nan non, lekòl la pou: (a) devlope, jistifye, oswa administre tès prevantif; (b) administre pogram èd pou elèv yo; oswa (c) pou amelyore metòd enstriksyon, si egzijans aplikab yo respekte.
7. Pou òganizasyon akredite yo pou yo ranpli fonksyon sètifikasyon yo.
8. Pou w menm si pitit ou se yon elèv elijib depi elèv elijib ou an se yon depandan sou taks IRS ou ranpli.
9. Pou w ka respekte yon manda jidisyèl oswa asiyasyon pou konparèt an tout legalite.
10. Pou ofisyèl ki koresponn yo an koneksyon avèk yon ijans sante osnon sekirite, selon egzijans aplikab.
11. Lekòl la deziye kòm “repètwa enfòmasyon”, depi egzijans aplikab yo respekte.
12. Pou yon ajan sosyal osnon lòt reprezantan Leta oubyen ajans byenèt sosyal lokal pou timoun oswa òganizasyon triba ki otorize jwenn aksè ak plan dentèvansyon elèv la lè ajans sa a oswa òganizasyon an se yon responsab legal, konfòmman ak lwa Leta oswa triba pou swen ak pwoteksyon elèv ki plase nan yon fanmi dakèy.
13. Pou Sekretè Agrikòl oswa reprezantan otorize Sèvis Alimantè ak Nitrisyon pou ka mennen pogram kontwòl, evalyasyon, epi mezire pèfòmans pogram ki otorize nan Lwa pou Manje Midi nan Lekòl Nasyonal Richard B. Russell oswa Lwa Nitrisyon Timoun 1966, dapre sèten kondisyon.

Yon òganis eskolè ki resevwa enfòmasyon pèsònèl idantifyab nan men yon lòt òganis oswa enstitisyon akademik kapab bibliye plis enfòmasyon onon òganis eskolè a san pèmision preyalab alekri nan men w oswa elèv la, si l konsidere kòm elijib, si kondisyon IDEA ak FERPA pou kominike san pèmision parantal pa ranpli epi si òganis eskolè a enfòmasyon enstans konsène yo kominike an fèt selon egzijans anplas yo.

Enfòmasyon Pèsonèl Idantifyab (PII)

Sikonskripsyon lekòl la dwe pwoteje konfidansyalite **PII** pandan etap kòlèk, estokaj, piblikasyon ak destriksyon yo.

1. Yon reprezantan sikonskripsyon eskolè dwe asume responsablite pou asire konfidansyalite tout enfòmasyon pèsonèl idantifyab.
2. Tout moun k ap kolekte oswa itilize enfòmasyon pèsonèl idantifyab dwe resevwa fòmasyon oswa enstriksyon sou politik ak pwosedi Leta konsènan konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl idantifyab selon jan pati B IDEA ak FERPA mande sa.
3. Distrik lan dwe kenbe, pou enspeksyon piblik, yon lis aktyèl non ak pozisyon anplwaye nan distrik lan ki ka gen aksè ak enfòmasyon pèsonèl idantifyab.
4. Distrik lan dwe enfòme w lè enfòmasyon pèsonèl idantifyab yo kolekte, klase oswa itilize pou edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn yo pa nesèsè ankò pou founi pitit ou an sèvis eskolè.
5. Enfòmasyon ki pa nesèsè ankò yo dwe detwi sou demann ou; sepandan, y ap kenbe pou toutan dosye pèmanan ki gen non pitit ou, adrès, nimewo telefòn, klas li, fichye prezans li, klas li swiv, avèk klas li fini.

Sou regilasyon Lwa Dwa Edikasyon Familyal ak Konfidansyalite 1974 (34 CFR 99.5(a)), dwa sou zafè dosye eskolè yo transfere bay elèv la a 18 tan. Yon elèv ki gen 18 oswa pi gran klase kòm yon “elèv elijib” selon FERPA.

Laj Majè (elèv lan gen 18 tan)

Lè dwa w selon Pati B IDEA a transfere bay elèv la ki vin gen laj majè, dwa sou dosye eskolè yo dwe transfere tou bay elèv la. Sepandan, sikonskripsyon lekòl la dwe voye notifikasyon, jan sa mande selon Pati B IDEA a, bay ni w ni elèv la. (Gade enfòmasyon siplemantè soutitre “Transfè Dwa Parantal Alaj Majè” nan paj 38).

Modifikasyon Dosye sou Demann Paran an

34 CFR 300.618-621; ARSD 24:05:29:04

Si w panse enfòmasyon nan dosye eskolè pitit ou yo pa korèk, prete a konfizyon, oswa vyole konfidansyalite oswa lòt dwa pitit ou, ou kapab mande pou lekòl la korije oswa retire enfòmasyon an (ki ve di modifye dosye a).

Sikonskripsyon lekòl la dwe deside si pou l korije oswa retire enfòmasyon an nan yon delè rezonab swit ak demann ou an. Si sikonskripsyon lekòl la deside refize korije oswa retire

enfòmasyon an, li dwe fè w konnen li refize epi enfòmè w sou dwa w pou mande yon jijman selon Lwa Dwa Edikasyon Familyal ak Konfidansyalite a (**FERPA**).

Sikonskripsyon lekòl la dwe, sou demann, ba w yon jijman selon FERPA pou w ka konteste enfòmasyon ki nan dosye akademik pitit ou an, ki daprè w, pa korèk, prete a konfizyon, sinon vyole konfidansyalite oubyen lòt dwa pitit ou.

Yon jijman pou konteste enfòmasyon nan dosye akademik yo dwe fèt daprè pwosedi pou mòd odyans sa yo jan FERPA egzije sa.

Lwa Dwa Edikasyon Familyal ak Konfidansyalite (FERPA)

Pou pi piti, pwosedi pou yon odyans FERPA yon lekòl dwe ba w bagay sa yo:

1. Odyans lan dwe fèt nan 30 jou apati lè lekòl la resevwa demann ou pou yon odyans, epi ou menm oswa elèv elijib ou an dwe jwenn notifikasyon sou dat, plas, ak lè, senk jou alavans jou odyans lan;
2. Odyans lan ka dirije pa nenpòt moun, ki enkli tou ofisyèl lekòl la ki pa gen yon enterè dirèk nan rezilta jijman an;
3. Ou menm oswa elèv elijib ou an dwe gen tout opòtinite ekitab pou prezante prèv enpòtan parapò ak pwèn ki souleve yo epi ka jwenn asistans oswa reprezante pa kèlkeswa moun ou chwazi, ak pwòp depans pa w, tankou yon avoka;
4. Sikonskripsyon lekòl la dwe pran desizyon li alekri sou 30 jou apre odyans lan fini; **epi**
5. Desizyon lekòl la dwe chita sèlman sou prèv ki prezante nan odyans an epi dwe enkli yon rezime tout evidans ak rezon desizyon an.

Si, kòm rezilta odyans lan, lekòl la deside enfòmasyon an korèk epi konfidansyalite pitit ou an pa vyole, men ou menm ou pa dakò, ou gen dwa fè deklarasyon sa a pou dokimante nan dosye yo. Men, si kòm rezilta, lekòl la deside enfòmasyon nan dosye pitit ou an pa korèk, fò yo retire enfòmasyon an epi enfòmè w alekri.

Tout desizyon ki mete nan dosye pitit ou an dwe prezève nan lekòl la kòm pati entegran dosye elèv ou an. Si dosye pitit ou an w ap konteste a, lekòl la kominike bay kèlkeswa enstans lan, desizyon sa a dwe kominike tou bay enstans lan.

Rekòmandasyon ak Aksyon Mentyen Lòd Piblik & Otorite Jidisyè nan Transmisyon Dosye

34 CFR 300.535(a) & (b); ARSD 24:05:26:15

Sikonskripsyon lekòl la dwe rapòte yon krim yon timoun, k ap viv ak andikap, komèt bay otorite konsène yo. Pa gen anyen nan lwa IDEA a ki anpeche lapolis ak otorite jidisyè Leta yo ekzèse responsablite yo nan aplike lwa Federal ak Depatmantal parapò ak krim yon timoun k ap viv ak andikap komèt.

Sikonskripsyon lekòl la ki rapòte krim yon timoun k ap viv ak andikap komèt dwe founi kopi dosye edikasyon espesyalize ak disiplinè timoun lan bay otorite konsène yo rapòte krim lan bay la pou yo ka pran ka a an konsiderasyon, men sèlman nan paramèt FERPA endike yo.

PLASMAN TIMOUN YO PA PARAN YO NAN LEKÒL PRIVE

Plasman Timoun yo pa Paran yo nan Lekòl Prive

34 CFR 300.504(a) & (b); ARSD 24:05:30:06.01

Si w mete pitit ou nan lekòl oswa etablisman prive epi pa gen litij konsènan pwovizyon FAPE, desizyon kote w ap mete timoun lan volontè. Si sikonskripsyon lekòl la mete FAPE disponib pou pitit ou nan distrik lekòl la, lekòl la pa bije peye edikasyon espesyalize ni lòt frè pou edikasyon prive pitit ou an. Sepandan, lekòl piblik yo gen sèten responsablite sou kesyon mete timoun k ap viv ak andikap nan lekòl prive volontèman epi ki al nan lekòl prive ki anndan espas jeyografik yo ye a.

Si lekòl prive pitit ou an ranpli kritè IDEA an epi definisyon Leta sou lekòl prive, lekòl piblik la kote lekòl prive a ye dwe:

1. Konte pitit ou an pami popilasyon timoun paran mete nan lekòl prive.
2. Avèk pèmisyon ou, fè reyevalyasyon peryodik pitit ou an jan IDEA mande a.
3. Konsilte avè w ansanm ak lekòl prive pitit ou an pou jwenn lide sou kouman pòsyon pwopòsyonèl fon Pati B IDEA a dwe repati defason ekitab pou edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn yo bay timoun paran mete nan lekòl prive, ki enkli pitit ou tou.
4. Apre konsiltasyon avèk ofisyèl lekòl prive ak reprezantan paran timoun yo mete nan lekòl prive yo, pran yon desizyon final sou sèvis ki pou founi bay paran elijib ki mete pitit yo k ap viv ak andikap nan lekòl prive.

Desizyon sou ki sèvis epi ki kantite sèvis timoun k ap viv ak andikap paran yo enskri nan lekòl prive ap jwenn, decide atravè yon pwosesis konsiltasyon epi baze sou bezwen timoun ki deziye pou jwenn sèvis yo. Timoun paran mete nan lekòl prive pa gen ankenn dwa endividyèl pou resevwa yon pati osnon tout edikasyon espesyalize ak lòt sèvis ki koresponn yo t ap resevwa si se nan yon lekòl piblik yo te enskri.

Timoun Paran yo Mete nan Lekòl Prive si FAPE se yon pblèm

34 CFR 300.148; ARSD 24:05:31:05

Dezakò ant ou menm ak lekòl la sou disponiblite yon sèten pogram apwopriye pou pitit ou an epi kesyon peye pou mete l nan yon lekòl prive dwe decide nan yon pwosè ofisyèl yon odyans. Yon ofisyè odyans oswa tribinal ka mande pou sikonskripsyon lekòl pitit ou an (zòn kote ou rete a) ranbouse w pou pri lekòl prive a si jij odyans lan oswa tribinal la konkli lekòl piblik la pat mete FAPE disponib pou pitit ou an epi lekòl prive a apwopriye. Yon ofisyè odyans oswa tribinal ka decide plasman an apwopriye, menm si l pa ranpli kritè nòm Leta ki aplikab nan sistèm edikasyon ki bay nan lekòl piblik yo.

Ofisye odyans lan oswa tribinal la ka redwi oswa refize montan ranbousman yo si:

1. Nan dènye reyinyon Ekip IEP pi resan an, ou pat prezante avan ou mete pitit ou nan lekòl prive, di Ekip IEP an ou pa dakò ak pwopozisyon plasman lekòl lan pou bay pitit ou an FAPE lan, ansanm avèk preyokipasyon ak entansyon w pou enskri pitit ou an nan yon lekòl prive sou frè leta; **oswa** kòm altènatif, ou pat omwen nan di (10) jou ouvrab (enkli tout jou ferye ki tonbe yon jou travay), anvan ou retire pitit ou nan lekòl piblik la, bay notifikasyon alekri konsènan dezakò w avèk pwopozisyon plasman lekòl la fè a, ansanm ak tou bay lis preyokipasyon ak entansyon pou enskri pitit ou nan yon lekòl prive sou frè leta; **oswa**
2. Anvan pitit ou a sispann al nan lekòl piblik la, sikonskripsyon lekòl la ba w notifikasyon preyalab alekri sou pwopozisyon pou evalye pitit ou an ansanm avèk yon deklarasyon ki eksplike rezon ki fè evalyasyon an ap fèt, men ou pat mete timoun lan disponib pou lekòl la reyalize evalyasyon komsadwa.; **oswa**
3. Ofisye odyans lan oswa tribinal la pran yon desizyon jidisyè ki demontre ou aji yon fason iresponsab.

Sepandan, frè ranbousman an pap redwi ni refize malgre ou pa respekte règ ki mande w bay lekòl la yon notifikasyon konsènan dezakò w avèk entansyon ou genyen pou enskri pitit ou nan yon lekòl prive, si:

1. Lekòl la te anpeche w bay notifikasyon an;
2. Yo pat ba w dokiman Dwa Parantal ak Pwosedi Mizangad Sid Dakota jan sa mande a pou enfòmè w sou responsablite w pou w bay sikonskripsyon lekòl la notifikasyon; **oswa**
3. Respekte egzijans pou bay notifikasyon an gen posiblite pou koz domaj pou pitit ou an.

Epitou, kou ranbousman an ka, sou diskresyon ofisye odyans lan oswa tribinal la, pa redwi ni refize malgre non rèspè w pou obeyi ak règleman pou founi notifikasyon si:

1. Ou pa alfabetize oswa pa ka ekri Anglè; **oswa**
2. Respekte egzijans pou bay yon notifikasyon gen posiblite koz pitit ou an domaj emosyonèl grav.

MEZI DISIPLINÈ POU ELÈV K AP VIV AK ANDIKAP

Mezi Disiplinè pou Elèv k ap Viv ak Andikap

Otorite Jeneral 34 CFR 300.530(a)-(d); ARSD 24:05:26:02.02; ARSD 24:05:26:02.01

Lè pitit ou ki gen yon andikap vyole kòd kondwit elèv yo, pèsònèl lekòl la ka retire pitit ou an nan kad li ye aktyèlman an, mete l nan yon **espas edikatif altènatif pwovizwa (IAES)** apwopriye oswa yon lòt kad, oubyen mete pitit ou an nan sispansyon, **pou pa plis pase 10 jou lekòl konsekitif**, depi konsekans sa yo aplikab pou timoun k ap viv ak andikap. Lòt mezi pou retire pou pa plis pase 10 jou lekòl konsekitif nan menm ane eskolè a pou menm ensidan move kondwit lan kapab fèt depi retrè sa yo pa pwodwi yon chanjman nan plasman elèv la (konsilte **Chanjman Disiplinè Plasman** an pi ba a).

Pou kèlkelanswa jou yo **retire elèv la odela 10 jou lekòl nan menm kalandriye eskolè a**, ki pa nesèsman yon chanjman nan plasman elèv la, pèsònèl lekòl la, an konsiltasyon avèk omwen youn nan pwofesè timoun lan, dwe deside aki nivo sèvis yo nesèsè pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan kourikouloum edikasyon jeneral la, malgre li nan yon lòt kad, epi travay pou rive atenn objektif ki elabore nan IEP timoun lan. Sikonskripsyon lekòl la dwe founi pitit ou an, sèvis pèsònèl lekòl la deside ansanm ak omwen youn nan pwofesè timoun lan.

Pèsònèl lekòl la ka pran an konsiderasyon tout sikonstans patikilye selon yon apwòch ka-pa-ka pou yo deside si chanjman nan plasman timoun lan ap apwopriye lè li vyole kòd kondwit elèv yo. Lè desizyon ap pran ka-pa-ka pou konn si chanjman disiplinè nan plasman elèv la apwopriye, faktè tankou si pitit ou a gen antesedan disiplinè, kapasite pou l konprann konsekans yo, eske l eksprime remò, epi ki ankadreman pitit ou a te jwenn anvan vyolasyon kòd lekòl la kapab tout sikonstans patikilye pèsònèl lekòl la konsidere.

Definisyon Sikonstans Majè 34 CFR 300.530(i)

- **Sibstans Ilegal** vle di dwòg oswa lòt sibstans kòm idantifye nan **SDCL** 34-20B-11 pou rive 34-20B-26, ki etegre, oswa nan klasifikasyon I, II, III, IV, oswa V nan seksyon 202(c) Lwa sou Sibstans Ilegal (21 U.S.C. 812(c)).
- **Dwòg Ilegal** vle di yon sibstans ilegal; men ki entegre sibstans ilegal an posesyon legal osnon ki itilize sou sipèvizyon yon pwofesyonèl swen sante sètifye oswa ki posede legalman osinon itilize sou kèlkeswa otorite a selon lwa SDCL 34-20B-11 pou rive nan 34-20B-26, tout nèt entegre, oswa selon nenpòt lòt pwovizyon lwa Federal.
- **Blese fizik grav** gen sans yo ban ekspresyon “blese fizik grav” jan sa define nan paragraf (3) souseksyon (h) nan seksyon 1365 tit 18, Kòd Etazini.
 - Ekspresyon **blese fizik grav** vle di blese ki gen—
 - Yon risk ekstrèm ki ka kòz lanmò;
 - Gwo doule fizik;
 - Defigire pwolonje evidan; oswa
 - Pèt pwolonje oswa andikap fonksyon pati kò a, ògan, oswa fakilte mantal.

Chanjman Disiplinè nan Plasman Elèv la

34 CFR 300.536, 34 CFR 300.530(h) ARSD 24:05:26:02.01; 34 CFR 300.530(h)

Retire pitit ou an nan kad akademik aktyèl li ye a konsidere kòm yon **chanjman nan plasman elèv la** si:

1. Retrè a pou plis pase 10 jou lekòl konsekitif; **oswa**
2. Pitit ou a te sibi yon seri retrè ki demontre yon abitud paske:
 - a. Kantite fwa yo retire l la depase plis pase 10 jou lekòl nan yon ane;
 - b. Konpòtman pitit ou an ekstrèmman parèy ak konpòtman lòt ensidan ki te fèt deja ki te koz yo retire l an plizyè fwa deja; **epi**
 - c. Lòt faktè anplis tankou longè tan chak fwa yo retire elèv la dire, kantite fwa an total yo te retire timoun lan, avèk distans chak retrè yo youn ak lòt.

- Zam gen menm sans yo bay tèm “zam danjere” nan paragraf (2) premye sou seksyon (g) seksyon 930 tit 18, Kòd Etazini.
- Ekspresyon zam danjere vle di zam, aparèy, enstriman, materyèl, oswa sibstans, anime osnon non anime, ki itilize pou oswa ki fasilman kab koz lanmò oswa blese fizik grav, eksepte kalte ekspresyon sa a pa enkli yon kouto pòch avèk yon jilèt ki mwens pase 2 pou 1/2 an longè.

Sikonskripsyon lekòl la detèmine si pratik retire a kreye yon chanjman nan plasman elèv la dapre yon analiz ka-pa-ka. Lè lekòl la deside retire yon timoun paske li vyole yon kòd kondwit yon fason ki pwovoke chanjman nan plasman l, lekòl la dwe notifiye w menm jou an epi founi notifikasyon sou pwosedi mizangad sa a.

Detèminasyon pou konn si retire elèv la tou yon chanjman nan plasman l ap pase an ekzamen nan pwosè ofisyèl odyans lan ak pwosedi jidisyè a.

Yon reyinyon Ekip IEP an dwe fèt pou pran Desizyon sou Manifestasyon kondwit elèv la anvan yon chanjman disiplinè fèt nan plasman pitit ou an.

Detèminasyon Manifestasyon ak Aboutisman Posib

34 CFR 300.530(c) and (e); ARSD 24:05:26:09.03; 34 CFR 300.531; ARSD 24:05:26:09.02

Nan lespas 10 jou lekòl aprè kèlkeswa desizyon pou chanje plasman akademik pitit ou a akòz li pa respekte kòd kondwit ki anplas pou elèv yo, Ekip IEP pitit ou a (jan ou menm ak sikonskripsyon eskolè a detèmine li a) dwe revize tout enfòmasyon enpòtan ki nan dosye pitit ou a, ki gen ladan IEP pitit ou a, obsèvasyon nenpòt ki pwofesè, epi kelkeswa enfòmasyon enpòtan ou founi pou detèmine:

1. Si konpòtman ki an kesyon an se rezilta, oswa gen yon relasyon dirèk epi konsiderab ak, andikap pitit ou a; **oswa**
2. Si konpòtman ki an kesyon an se rezilta dirèk echèk sikonskripsyon eskolè a nan mete an plas IEP pitit ou a.

Si Ekip IEP pitit ou a detèmine swa (1) oswa (2) ki dekri pi wo a te satisfè, konpòtman an se yon reyaksyon ki soti nan andikap pitit ou a.

Si vyolasyon kòd kondwit la te yon reyaksyon ki soti nan andikap pitit ou a, sikonskripsyon eskolè a dwe pran mezi nan limedya pou korije defisyans sa yo. Anplis, Ekip IEP a dwe:

1. Reyalize yon **evalyasyon konpòtman fonksyonèl (FBA)**, sof si sikonskripsyon eskolè a deja reyalize yon FBA, epi aplike yon **plan entèvansyon pou konpòtman (BIP)** pou pitit ou a; **oswa**
2. Si yo deja devlope yon BIP, revize BIP a, epi modifiye li, jan sa nesèsè, pou reponn konpòtman sa a; **epi**
3. Eksepte jan sa prevwa nan ka “sikonstans espesyal yo” (pa egzanzp zam, dwòg, blesi grav sou kò) pitit ou a dwe retounen nan plasman akademik orijinal li, sof si ou menm avèk sikonskripsyon eskolè a dakò pou chanje plasman pitit ou a dapre modifikasyon nan BIP li a.

Tanpri note: Pitit ou an sijè a menm disiplin ak règleman menm jan ak tou elèv nan lekòl la epi l ap kontinye resevwa sèvis jan sa dekri nan IEP a, men sèvis sa yo ka pa bay menm kote a.

Si vyolasyon kòd kondwit la pa t yon reyaksyon ki soti nan andikap pitit ou a, y ap discipline pitit ou a menm jan an epi pou menm kantite tan ak timoun ki pa gen andikap yo (eksepte yo oblije bay pitit ou a sèvis li yo). Kòm eliminasyon an se yon chanjman nan plasman akademik lan, Ekip IEP la dwe:

1. Asire pitit ou a resevwa, jan sa apwopriye, yon FBA, epi sèvis entèvansyon pou konpòtman ak modifikasyon, ki fèt pou reponn vyolasyon konpòtman an pou li pa rive ankò;
2. Deside ki sèvis pou yo bay pitit ou a pou pèmet li kontinye patisipe nan pwogram jeneral edikasyon an, menm si se nan yon lòt kad epi avanse pou satisfè objektif ki etabli nan IEP pitit ou a; **epi**

3. Deside anviwonman altènatif edikasyonèl pwovizwa a pou livrezon sèvis yo bay pitit ou a.

Sikonstans Espesyal ak Aboutisman Posib

34 CFR 300.530(g); 34 CFR 300.531; ARSD 24:05:26:09.02

Menm si konpòtman pitit ou a se rezilta manifestasyon andikap li a, pèsonèl lekòl la kapab mete pitit ou a nan yon anviwonman altènatif edikasyonèl pwovizwa (IAES) pou yon maksimòm **45 jou lekòl**, si pitit ou a:

1. Pote oswa posede yon zam nan lekòl la, nan etablisman lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la;
2. Posede oswa itilize dwòg volontèman, vann oswa mande achte yon sibstans ilegal, pandan li lekòl la, nan etablisman lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la; **oswa**
3. Enflije blesi grav nan goumen ak yon lòt moun pandan li lekòl la, nan etablisman lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la.

Anvan yo chanje plasman akademik pitit ou a akòz sikonstans espesyal sa yo, Ekip IEP a dwe:

1. Asire w pitit ou a resevwa, yon FBA apwopriye, epi sèvis entèvansyon pou konpòtman ak modifikasyon, ki fèt pou reponn vyolasyon konpòtman an pou li pa rive ankò;
2. Deside ki sèvis pou yo bay pitit ou a pou pèmet li kontinye patisipe nan pwogram jeneral edikasyon an, menm si se nan yon lòt kad epi avanse pou satisfè objektif ki etabli nan IEP pitit ou a; **epi**
3. Deside anviwonman altènatif edikasyonèl pwovizwa a pou livrezon sèvis bay pitit ou a.

Si yo pa detèmine konpòtman an tankou yon manifestasyon andikap pitit ou a, y ap disipline pitit ou a menm jan epi pou menm kantite tan ak timoun ki pa gen andikap yo, menm jan sa dekri anwo a nan Detèminasyon Manifestasyon an.

Pou plis enfòmasyon sou pwoblèm ki anwo yo, tanpri gade definisyon yo ki nan Anèks la.

Pwosè Ofisyèl Plent konsènan Disiplin Elèv k ap vik ak yon Andikap

34 CFR 300.532(a); ARSD 24:05:26:09.06; 34 CFR 300.532(b); ARSD 24:05:26:08.02; 34 CFR 300.532(c); ARSD 24:05:26:09.08; 34. CFR 300.533; ARSD 24:05:26:09.07

Si w pa dakò ak okenn desizyon konsènan detèminasyon manifestasyon an **oswa** plasman akademik pitit ou a konfòmman ak pwosedi disiplinè IDEA yo, ou **kapab** mande yon odyans nan ranpli yon pwosè ofisyèl plent.

Anplis, si yon sikonskripsyon eskolè panse si yo kenbe plasman akademik aktyèl pitit ou an, gen anpil chans genyen kòm rezilta domaj pou pitit ou a oswa pou lòt moun, sikonskripsyon eskolè a **kapab** mande yon odyans nan ranpli yon pwosè ofisyèl plent.

Yon ofisye odyans ap koute, epi fè yon detèminasyon konsènan reklamasyon pou rapèl la sou seksyon kontestasyon disiplinè IDEA a. Ofisye odyans lan kapab:

1. Remete pitit ou a nan plasman akademik li te ye a si ofisye odyans lan detèmine jan yo retire li a te yon vyolasyon pwosedi disiplinè yo oswa konpòtman pitit ou a se rezilta manifestasyon andikap li a; **oswa**
2. Mande yon chanjman nan plasman akademik pitit ou a pou li ale nan yon anviwonman edikasyonèl altènatif pwovizwa ki apwopriye pou yon maksimòm 45 jou lekòl, si ofisye odyans lan detèmine kenbe plasman akademik aktyèl pitit ou an gen anpil chans genyen kòm rezilta domaj pou pitit ou a oswa pou lòt moun.

Sikonskripsyon eskolè a kapab repete pwosesis pou mande odyans lan pou pwolonje chanjman plasman akademik lan pou yon lòt peryòd 45 jou lekòl si sikonskripsyon eskolè a panse pitit ou a gen anpil chans pou blese tèt li oswa lòt timoun si yo remete li nan plasman akademik nòmal li a.

Nenpòt kilè yo fè rekizisyon yon odyans sou seksyon disiplinè kontestasyon IDEA a, ou menm oswa sikonskripsyon eskolè ki konsène a dwe jwenn opòtinite pou yon pwosè ofisyèl odyans rapid epi ekitab. Yo rele yo **pwosè ofisyèl odyans ekspès**.

Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal Eta a responsab pou li plase yon ofisye odyans ekitab. Ofisye odyans lan responsab pou li mete an plas yon pwosè ofisyèl odyans ekspès, ki dwe fèt nan espas 20 jou lekòl soti nan dat yo te ranpli demand odyans lan. Ofisye odyans lan dwe pran yon desizyon nan espas 10 jou aprè dat odyans lan.

Amwenske ou menm oswa sikonskripsyon eskolè a dakò a lekri pou renonse ak Reyinyon Rezolisyon an, oswa dakò pou itilize pwosesis medyasyon:

1. Yon Reyinyon Rezolisyon dwe fèt nan espas sèt jou depi lè yo bay nouvel sou pwosè ofisyèl plent lan; **epi**
2. Pwosè ofisyèl plent lan kapab kontinye sof si pwoblèm nan rezoud nan espas 15 jou depi lè yo resevwa pwosè ofisyèl plent lan.

Ou menm oswa sikonskripsyon eskolè a kapab konteste desizyon ofisye odyans lan apati yon pwosè ofisyèl odyans ekspès menm jan ou konteste desizyon nan lòt odyans pou pwosè ofisyèl yon plent.

Lè yon paran oswa sikonskripsyon eskolè a fè rekizisyon pou yon odyans sou seksyon disiplinè kontestasyon IDEA a, timoun nan dwe rete nan yon **kad altènatif edikasyonèl pwovizwa** jiskaske yo jwenn yon solisyon apèl la epi sof si gen sikonstans espesyal avèk/oswa ou menm ak sikonskripsyon eskolè a dakò otreman.

Pwoteksyon pou timoun yo pa Detèmine Elijib pou Edikasyon Espesyalize ak Sèvis ki koresponn yo

34 CFR 300.534; ARSD 24:05:26:14

Yon timoun ki fè vyolasyon kòd kondwit lan men ki pa detèmine elijib pou edikasyon espesyalize ak sèvis ki koresponn yo kapab revandike nenpòt pwoteksyon IDEA yo, si sikonskripsyon eskolè a te okouran timoun lan se yon timoun ki gen yon andikap.

Nan lide pou pwolonje pwoteksyon IDEA yo, yon sikonskripsyon eskolè sipoze konnen si yon timoun se yon timoun ki pwobableman gen yon andikap anvan konpòtman ki te pwovoke aksyon disiplinè a manifeste si:

1. Ou eksprime enkyetid ou alekri voye bay pèsonèl sipèvizyon an ak administratif la, oswa bay yon pwofesè pitit ou a, fè konnen pitit ou a bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki koresponn yo;
2. Ou mande pou yo fè evalyasyon pitit ou a; **oswa**
3. Pwofesè pitit ou a, oswa lòt pèsonèl ki nan lokal ajans edikasyonèl la, eksprime enkyetid espesifik dirèkteman bay direktè edikasyon espesyalize a ki nan sikonskripsyon eskolè a oswa bay lòt pèsonèl sipèvizyon ki nan sikonskripsyon eskolè a konsènan konpòtman abityèl pitit ou a demontre.

Yon sikonskripsyon eskolè pa konnen a lavans si pitit ou a se yon timoun ki gen yon andikap si ou pat pèmèt yon evalyasyon pitit ou a, oswa ou te refize bay akò ou pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyalize oswa sèvis ki koresponn yo anndan Pati B nan IDEA a, oswa yo te deja evalye pitit ou a epi detèmine li pa yon timoun ki gen yon andikap selon jan sa di nan Pati B IDEA a.

Si sikonskripsyon eskolè a pa t konnen pitit ou a te pwobableman gen yon andikap anvan yo te disipline pitit ou a, pwoteksyon IDEA yo pa aplikab pou pitit ou a. Olye de sa, mezi disiplinè regilye timoun ki pa andikape resevwa pou lè yo fè vyolasyon kòd kondwit la aplikab pou pitit ou a. Sepandan, si ou menm oswa sikonskripsyon eskolè a fè yon demann pou evalyasyon pitit ou a pandan peryòd disiplinè a, sikonskripsyon eskolè a dwe fè yon evalyasyon eksprès. Pandan peryòd **evalyasyon eksprès** sa a, jiskaske evalyasyon an konplè, pitit ou a ap rete nan plasman edikasyonèl la jan otorite eskolè yo detèmine li a, ki ka enkli sispansyon oswa ekspilasyon san sèvis edikasyonèl yo. Lè nou konsidere enfòmasyon ki soti nan evalyasyon sikonskripsyon eskolè a fè epi enfòmasyon yo ba ou, si alafen yo detèmine pitit ou a gen yon andikap, sikonskripsyon eskolè a dwe plase l nan edikasyon espesyalize avèk lòt sèvis ki koresponn yo an akò avèk dispozisyon ki nan Pati B lwa IDEA a ki enkli dispozisyon disiplinè ak kondisyon FAPE yo.

PWOSEDI LETA POU REZOUZ LITIJ

Plent kont Leta

34 CFR 300.151; ARSD 24:05:15:02; 34 CFR 300.153; ARSD 24:05:15:03; 34 CFR 300.152; ARSD 24:05:15:05

Yon Plent kont Leta se yon deklarasyon ekri yon endividi oswa yon òganizasyon siyen, ki enkli plentif ki pa rezidan nan eta a, ki pretann Depatman Edikasyon eta South Dakota a, Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a oswa sikonskripsyon eskolè a fè vyolasyon yon egzijans ki nan Pati B nan lwa IDEA a oswa enplemantasyon lwa gouvènmantral oswa depatmantal, règ ak règleman ki aplikab pou pwogram edikasyon espesyalize yo. Pwotestasyon an dwe gen ladan tout fè sitiyan an.

	Plent kont Leta
Kilè yo itilize l	Yo depoze yon plent kont Leta lè yo panse yon sikonskripsyon eskolè piblik oswa yon ajans piblik pa swiv lwa IDEA a, epi plenyan an ap mande Òganis Akademik Leta a (SEA) fè ankèt.
Kiyès ki ka fè rekèt la	Nenpòt moun oswa òganizasyon kapab depoze yon plent kont Leta.
Kijan pou depoze plent la	Antite ki depoze plent kont Leta a dwe voye yon kopi plent lan bay sikonskripsyon eskolè ki ap sèvi timoun nan an menm tan ak antite sa a depoze plent nan Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a. Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a devlope yon fòmilè modèl pou pote asistans bay paran ak lòt antite pou ede yo depoze plent kont Leta; sepandan, ou pa nan obligasyon pou w itilize fòmilè modèl sa a. Ou kapab itilize fòmilè modèl apwopriye a oswa yon lòt fòmilè oswa lòt dokiman, toutotan fòmilè oswa dokiman ou itilize a, nan yon fason apwopriye, respekte kontni yo egzije pou depoze plent kont Leta. Ou ka jwenn echantiyon fòmilè a nan https://doe.sd.gov/sped/complaints.aspx .
Aboutisman oswa Rezilta Espere	Desizyon alekri ki enkli dekouvèt, konklizyon, ak desizyon final. Epi tou li enkli aksyon korektif sikonskripsyon an dwe poze, si sa aplikab.
Benefis	Desizyon alekri nan espas 60 jou nan kalandriye a aprè depo plent lan, sof si delè a pwolonje. Plent kont Leta relativman fasil pou ekri epi fasil pou depoze. Si yo ekspoze dekouvèt yo, elèv endividyèl oswa pwoblèm sistematik nan tout sikonskripsyon an kapab chanje.

Moun k ap pran Desizyon an	Leta responsab pou asire ankèt la konplè epi asire rapò final la soti.
Tan ki Defini pou plent, reyinyon ak desizyon	<p>Plent lan dwe deklare vyolasyon ki sanse te fèt la pou pa plis pase yon lane anvan dat depatman an te resevwa plent la.</p> <p>Ou dwe bay yon desizyon alekri nan espas 60 jou nan kalandriye a kòmanse nan dat ou depoze plent la, sof si delè a pwolonje (pwolonjman an pa gen dwa depase 30 jou).</p>
Kisa yo dwe enkli nan rekèt la?	<p>Yon deklarasyon kote Depatman Edikasyon Leta South Dakota a, Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a oswa sikonskripsyon eskolè a fè vyolasyon yon egzijans ki nan Pati B lwa IDEA a oswa enplemantasyon lwa gouvènmantral oswa depatmantral, règ ak règleman ki aplikab pou pwogram edikasyon espesyal yo;</p> <p>Reyalite ki reflekte deklarasyon ki fèt lan;</p> <p>Siyati ak enfòmasyon pou kontakte plenyan an; epi</p> <p>Si vyolasyon ki suspèk yo gen pou wè ak yon timoun espesifik:</p> <ol style="list-style-type: none"> Non ak adrès kote timoun nan rezide a; Non lekòl timoun nan frekante a; Nan ka yon timoun oswa yon jèn ki sanzabri (selon sans seksyon 725(2) ki nan lwa McKinney-Vento Homeless Assistance la (42 U.S.C. 11434a(2)), enfòmasyon disponib pou kontakte timoun nan, ak non lekòl timoun nan frekante a; Deskripsyon sous pwoblèm timoun nan, ki enkli reyalite ki gen pou wè ak pwoblèm timoun nan; epi Yon rezolisyon ki pwopoze pou pwoblèm lan nan limit konesans ak disponibilite antite a lè yo depoze plent la.
Kisa ki rive aprè depo rekèt la?	<p>Direktè Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a la deziyen yon anketè pou plent ak nenpòt konsiltan ki nesèsè pou ankete sou plent lan.</p> <p>Anketè a kapab reyalize yon ankèt endepandan sou plas, si sa nesèsè.</p> <p>Anketè a dwe pèmèt plenyan an soumèt enfòmasyon adisyonèl o dela sa ki te deja enkli nan plent ki ekri kont Leta, swa alekri swa aloral, apwopo akizasyon yo ki nan plent lan.</p> <p>Anketè a dwe pèmèt sikonskripsyon eskolè a reponn plent la, ki dwe gen ladan, pou yon minimòm:</p> <p>Nan diskresyon sikonskripsyon eskolè a, ofri yon pwopozisyon pou rezoud plent lan; epi</p> <p>Pèmèt yon opòtinite pou yon paran ki depoze yon plent epi pèmèt sikonskripsyon eskolè a angaje li volontèman nan yon rezolisyon.</p> <p>Anketè a dwe fè yon pwopozisyon bay Direktè Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a;</p> <p>Lè nou finn revize enfòmasyon ki enpòtan yo, Direktè Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a dwe bay yon detèminasyon endepandan sou validite plent lan, ki aksyon korektif nesèsè pou rezoud plent lan epi limit tan pou konplete aksyon</p>

	<p>korektif la. Direktè Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a dwe soumèt yon rapò ekri sou desizyon final tout antite ki konsène yo.</p> <p>Rapò ekri a dwe abòde tout akizasyon ki nan plent lan, genyen ladan li dekouvèt ki nan reyalite a ak konklizyon, epi enkli rezon pou desizyon final la.</p> <p>Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a dwe pran swen dokiman ki soutni aksyon korektif sikonskripsyon eskolè a pran epi yo dwe enkòpore li nan pwosesis siveyans Eta a.</p>
Bagay pou w konsidere	<p>Yon pwoblèm pa kapab sijè yon plent kont Leta epi an menm tan yon odyans pwosè ofisyèl pou yon plent. Si sa rive, Leta dwe mete sou kote nenpòt ki pati plent kont Leta pwosè ofisyèl plent lan trete jiska konklizyon odyans lan. Nenpòt ki lòt pwoblèm ki nan plent kont Leta a ki pa fè pati pwosè ofisyèl odyans lan dwe rezoud nan yon tan apwopriye atravè pwosè plent kont Leta a.</p> <p>Si yon pwoblèm ki parèt nan plent kont Leta a te soti nan yon desizyon pwosè ofisyèl odyans lan ki enplike menm antite yo, desizyon odyans lan gen kontrent ak pwoblèm sa a epi Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a dwe enfòme plenyan an sou reyalite sa a.</p> <p>Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a dwe rezoud echèk yon sikonskripsyon eskolè nan enplemantasyon desizyon pwosè ofisyèl odyans lan sou plent sipoze kont Leta a.</p>
Konbyen sa koute	Sa pa koute antite ki depoze plent lan anyen

Entèsesyon Legal

34 CFR 300.506; ARSD 24:05.30.05

Antite yo kapab rezoud konfli ki enplike nenpòt ki pwoblèm sou règ edikasyon espesyalize Leta atravè pwosesis entèsesyon legal la.

Entèsesyon legal la founi yon apwòch pozitif, mwen kontradiktwa pou rezoud konfli ant paran yo ak sistèm edikasyon an. Ak asistans yon entèmedyè (moderatè) ki kalifye epi ki ekitab, yo ankouraje antite yo ki enplike nan konfli a kominike onètman epi avèk respè sou diferans yo epi rive jwenn yon akò. Pouvwa pou pran desizyon an toujou nan men patisipan yo ki nan seyans entèsesyon legal la.

	Pwosedi Entèsesyon Legal la
Kilè yo itilize li	<p>Nenpòt kilè gen yon dezakò ant paran yo ak sikonskripsyon eskolè piblik yo apwopo edikasyon espesyalize ak sèvis ki koresponn yo.</p> <p>Tou lè de antite yo dwe dakò fè entèsesyon an epi demach la volontè.</p>

Kiyès ki ka fè rekèt la	Paran oswa Sikonskripsyon Eskolè Piblik
Kijan pou fè rekèt la	<p>Antite ki fè rekizisyon an dwe voye li pa imèl, lapòs, oswa faks bay Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a.</p> <p>Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a devlope yon fòmilè modèl pou soutni paran ak lòt antite yo pou yo ranpli rekèt entèvansyon an; sepandan, ou pa oblije itilize fòmilè sa a. Ou kapab itilize modèl fòmilè apwopriye a oswa yon lòt fòmilè oswa yon lòt dokiman. Ou ka jwenn echantyon fòmilè a nan https://doe.sd.gov/sped/complaints.aspx.</p>
Aboutisman oswa Rezilta Espere	Devlope yon akò pou fè yon entèsesyon ekri epi siyen, ki aplikab nan nenpòt tribinal Leta oswa tribinal sikonskripsyon Ozetazini.
Benefis	<p>Deba yo konfidansyèl. Yo paka itilize konvèsasyon yo tankou prèv nan yon pwosè ofisyèl odyans lan.</p> <p>Ou menm ansanm avèk yon reprezantan sikonskripsyon eskolè a ki gen otorizasyon siyati dwe siyen akò a ansanm.</p>
Moun k ap pran Desizyon an	Paran ak Sikonskripsyon eskolè a travay ansanm, yo gen kontwòl aboutisman ak devlopman solisyon yo.
Tan ki Defini pou plent, reyinyon ak desizyon	<p>Disponib a nenpòt kilè, menm si yo depoze yon plent kont Leta oswa pou yon pwosè ofisyèl yon plent.</p> <p>Leta dwe asire li chak sesyon entèsesyon pwograme nan yon tan apwopriye epi fèt yon kote ki konvab pou tou de antite ki nan konfli a [§300.506(b)(5)].</p>
Kisa yo dwe enkli nan rekèt la?	Pa gen okenn egzijans règlemantè; sepandan, ou kapab itilize echantyon fòmilè yo mansyone pi wo a tankou yon gid.
Kisa ki rive aprè depo rekèt la?	<p>Se yon moderatè kalifye epi ekitab ki fòme nan teknik entèsesyon efikas ki dwe fè entèsesyon legal la.</p> <p>Yo seleksyone moderatè yo nan yon mòd aleyatwa, wotasyonèl oswa lòt metod ki sou yon baz ekitablite. SEP a gen yon lis moun ki kalifye epi ki gen konesans nan lwa ak règleman ki gen rapò ak prestasyon nan edikasyon espesyalize epi sèvis ki koresponn yo.</p> <p>Chak sesyon ki nan pwosesis medyasyon an dwe pwograme nan yon tan apwopriye epi dwe fèt yon kote ki konvab pou ou ak pou sikonskripsyon eskolè a. Entèsesyon an se yon pwosesis enfòmèl ki fèt nan yon atmosfè ki pa konfliktyèl.</p>

Bagay pou ou konsidere	<p>Yo pa kapab itilize entèsesyon an pou refize oswa retade dwa yon paran pou li yon gen yon odyans oswa yon pwosè ofisyèl pou yon plent oswa pou yo refize nenpòt lòt dwa yo akòde yo dapre Pati B nan IDEA a.</p> <p>Si ou chwazi pou ou pa itilize pwosesis entèsesyon an, Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a oswa sikonskripsyon eskolè a ka ofri w yon opòtinite pou w rankontre, nan yon lè ak yon kote ki konvnan, avèk yon moun san enterè pèsònèl, pou ankouraje itilizasyon, epi eksplike benefis ki genyen nan, pwosesis entèsesyon an pou ou. Moun sa a sou kontra avèk yon sant fòmasyon ak enfòmasyon pou paran oswa yon sant kominotè ki gen resous pou paran ki etabli nan eta a oswa yon antite apwopriye ki fè rezolisyon konfli altènatif.</p>
Konbyen sa koute	Leta ap peye pou pwosesis entèsesyon an, sa ki enkli reyinyon ak antite san enterè pèsònèl la.

Pwosè Ofisyèl Odyans pou Plent

34 CFR 300.507; 34 CFR 300.508-509; ARSD 24:05:30:07.01

Ou menm oswa yon sikonskripsyon eskolè kapab depoze yon pwosè ofisyèl pou plent sou nenpòt ki sijè ki gen pou wè ak idantifikasyon, evalyasyon, plasman akademik, oswa disponibilite FAPE pou pitit ou a.

Pwosè Ofisyèl pou yon Odyans Ekitab

34 CFR 300.511-515; ARSD 24:05:30:09.04

Nenpòt lè yo resevwa yon pwosè ofisyèl pou plent, ki enkli yon pwosè ofisyèl yon odyans pou yon plent ki gen pou wè ak pwosedi disiplinè, sof si yo rezoud avèk satisfaksyon anvan pwosè ofisyèl odyans lan, ou menm oswa sikonskripsyon eskolè a ki enplike nan konfli a dwe jwenn opòtinite genyen yon pwosè ofisyèl pou yon odyans. Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a responsab pou asire li yon pwosè ofisyèl ekkitab fèt pou odyans lan.

	Pwosè Ofisyèl yon Odyans pou yon Plent
Kilè yo itilize li	Yo itilize li pou rezoud dezakò ki gen pou wè ak idantifikasyon, evalyasyon, plasman akademik ak disponibilite pou Edikasyon Piblik Gratis Apwopriye (FAPE).
Kiyès ki ka fè rekèt la	<p>Yon paran oswa yon sikonskripsyon eskolè kapab fè yon rekèt pou yon pwosè ofisyèl odyans.</p> <p>Yon avoka oswa yon defansè ki reprezante paran oswa sikonskripsyon eskolè a.</p>
Kijan pou fè rekèt la	Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta devlope yon fòmilè modèl pou pote asistans ba w ak sikonskripsyon eskolè a pou depoze yon avi pwosè ofisyèl yon

	<p>odyans pou plent la. Ou pa oblije itilize fòmilè modèl sa yo. Yon antite ki fè demann yon pwosè ofisyèl pou yon odyans kapab itilize fòmilè modèl Leta a devlope a, yon lòt fòmilè oswa lòt dokiman, toutotan fòmilè oswa dokiman ki itilize a respekte kontni yo egzijè pou depoze pwosè ofisyèl odyans pou plent la. Ou ka jwenn echantiyon fòmilè a nan https://doe.sd.gov/sped/complaints.aspx.</p> <p>Antite ki depoze pwosè ofisyèl pou yon odyans konsènan yon plent dwe voye yon kopi pwosè ofisyèl plent lan bay Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a.</p> <p>Pwosè ofisyèl pou odyans kont plent lan dwe gen enfòmasyon ki pral swiv yo la a:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Non timoun nan; 2. Adrès kote timoun nan rezide a; 3. Non lekòl timoun nan frekante a; 4. Nan ka yon timoun oswa yon jèn ki sanzabri (nan sans ki dekri nan seksyon 725(2) ki nan lwa McKinney-Vento Homeless Assistance la (42 U.S.C. 11434a(2)), enfòmasyon ki disponib pou kontakte timoun nan, ak non lekòl timoun nan frekante a; 5. Deskripsyon kalte pwoblèm timoun nan, ki gen pou wè ak pwopozisyon oswa refu pou inisye oswa fè chanjman, avèk tout detay ki gen pou wè ak pwoblèm nan; epi 6. Yon pwopozisyon pou rezoud pwoblèm nan. <p>Ou menm oswa sikonskripsyon eskolè a gen dwa pa gen yon pwosè ofisyèl pou yon odyans konsènan plent la pa avan enstans ki fè demann pwosè ofisyèl odyans lan soumèt yon pwosè ofisyèl pou yon plent ki reponn egzijans ki ekri pi wo yo nan Pati B lwa IDEA a.</p>
<p>Dwa Patisipan an nan Odyans lan</p>	<p>Dwa pou gen yon Odyans - ARSD 24:05:30:12</p> <p>Nenpòt ki antite ki nan yon odyans gen dwa pou:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Vini akonpaye ak yon konseye legal epi ak moun ki gen konesans espesyal oswa ki fòme pa rapò ak pwoblèm timoun k ap viv ak andikap, aleksepsyon okenn nan enstans yo pa dwe gen moun ki pa avoka reprezante yo nan odyans lan; 2. Prezante prèv ak <u>konfwontasyon</u>, egzaminen tou de pati yo, epi egzijè prezans temwen; 3. Entèdi entwodwi nan odyans lan kèlkelanswa prèv ki yo pa t devwale bay antite a omwen 5 jou ouvrab anvan odyans lan; 4. Resevwa mo pou mo odyans lan alekri, oswa, selon opsyon pa w, elektwonik dosye rezilta tout fè ak desizyon yo; epi 5. Resevwa alekri, oswa selon opsyon pa w, dekouvèt elektwonik fè ak desizyon yo. <p>Divilgasyon Enfòmasyon Siplemanè - ARSD 24:05:30:12.01</p> <p>O mwen 5 jou ouvrab anvan yon odyans, ou menm avèk sikonskripsyon eskolè a dwe devwale youn bay lòt tout evalyasyon ki konplè rive nan dat sa a ak rekòmandasyon ki baze sou evalyasyon ou menm ak sikonskripsyon eskolè a gen entansyon itilize nan odyans lan.</p>

	<p>Yon ofisye odyans lan kapab wete evalyasyon oswa rekòmandasyon ki enpòtan nan odyans lan si egzijans divilgasyon pyès yo pat respekte.</p> <p>Dwa Parantal nan Odyans lan</p> <p>Antanke paran ki enplike nan yon odyans, ou gen dwa pou w:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Fè timoun ki se sijè odyans lan prezan; 2. Ouvè odyans lan bay piblik la; epi 3. Jwenn dosye odyans lan ak dekouvèt tout fè ak desizyon disponib ba w san sa pa koute w anyen.
Aboutisman oswa Rezilta Espere	Desizyon alekri sou dekouvèt tout fè yo, konklizyon lwa, ak aksyon koreksyonèl sikonskripsyon an dwe pran si sa aplikab.
Benefis	<p>Soti nan dat yo depoze pwosè ofisyèl odyans lan, elèv lan ap rete nan plasman akademik aktyèl li sof si paran an ak sikonskripsyon eskolè piblik la deside otreman.</p> <p>Desizyon an mete kontrent legal pou tout enstans yo respekte.</p> <p>Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a responsab pou asire yo swiv desizyon an, sof nan ka yon apèl ta fèt.</p>
Moun k ap pran Desizyon an	<p>Desizyon Odyans lan - ARSD 24:05:30:10.01</p> <p>Desizyon yon ofisye odyans kote yo refize bay yon timoun FAPE dwe fèt sou baz solid sof si vyolasyon pwosedi a satisfè kritè pou FAPE lan ta refize.</p> <p>Nan zafè ki pretann gen vyolasyon pwosedi yo, yon ofisye odyans ka jwenn pitit ou a pa t resevwa FAPE sèlman si enkapasite pwosedi yo te:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Antrave dwa pitit ou a pou li jwenn FAPE; 2. Antrave seryezman opòtinite w pou patisipe nan desizyon IEP a apwopo disponibilite FAPE pou pitit ou a. 3. Koze yon mank benefis akademik pou pitit ou a. <p>Anyen nan seksyon sa a pa dwe entèprete kòmka ka gen yon bagay ki anpeche ofisye odyans lan kòmande sikonskripsyon eskolè a pou konfòme l ak egzijans pwosedi IDEA a.</p> <p>Ofisye Odyans Ekitab - ARSD 24:05:30:10</p> <p>Yon ofisye odyans dwe, nan yon minimòm:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Ekitab (pa egzanp li pa dwe yon anplwaye Depatman Edikasyon South Dakota a oswa sikonskripsyon eskolè lokal la, epi li pa dwe gen enterè pwofesyonèl ki rantre an konfli ak objektivite moun la nan odyans lan; 2. Posede konesans ak kapasite pou konprann pwovizyon nan lwa IDEA a, règleman Federal ak Depatmantal ki gen pou wè ak IDEA a, epi entèpretasyon legal IDEA a pa lajistis gouvènman an ak depatman an. 3. Posede konesans pou dirije yon odyans an akò ak pratik legal estanda apwopriye; 4. Posede konesans ak gen abilite pou rann epi ekri desizyon yo an akò ak pratik legal apwopriye yo.

	<p>Biwo Pwogram Edikasyon Espesyalize Leta a ak sikonskripsyon eskolè a kenbe yon lis moun ki ofri sèvis ofisyèl odyans. Lis la dwe enkli deklarasyon sou kalifikasyon chak moun sa yo.</p>
<p>Tan ki Defini pou plent, reyinyon ak desizyon</p>	<p>Pwosè ofisyèl odyans pou plent lan dwe akize yon vyolasyon ki rive pa plis pase de zan anvan dat ou menm ak sikonskripsyon eskolè a (si sikonskripsyon eskolè a fè rekèt odyans lan) te konnen oswa te dwe konnen sou ki baz pwosè ofisyèl pou odyans kont konplent lan sanse ap fèt. Kalandriye ki dekri pi wo a pa aplike ak ou menm si w te gen anpechman pou depoze plent ou pou yon pwosè ofisyèl odyans lan akòz:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Fo deklarasyon espesifik sikonskripsyon eskolè a ki te pretann yo te rezoud pwoblèm nan; oswa 2. Sikonskripsyon eskolè a pa pataje enfòmasyon obligatwa sou Pati B ki nan IDEA a avèk ou. <p>Kalandriye pou Odyans</p> <p>Pa pi ta pase 45 jou aprè ekspirasyon 30 jou peryòd rezolisyon an oswa peryòd tan ajiste, si sa aplikab, Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal Eta a dwe asire li:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Yo pran yon desizyon final nan odyans lan; epi 2. Yo voye yon kopi desizyon an ba ou ak sikonskripsyon eskolè a pa lapòs. <p>Yon ofisyèl odyans kapab akòde ekstansyon espesifik tan ki defini an sa a sou demann ou menm oswa distrik lekòl la.</p> <p>Chak odyans dwe fèt nan yon moman ak yon kote ki rezonab epi konvnan pou ou menm ak pitit ou a ka patisipe.</p>
<p>Kisa ki ap rive pou sèvis pitit mwen an aprè rekèt la?</p>	<p>Sitiyasyon Timoun nan Pandan Pouswit yo (“An-Atant”) - 34 CFR 300.518; ARSD24:05:30:14</p> <p>Pandan nenpòt pwosè ofisyèl odyans oswa pouswit jidisyèl konsènan pwosè plent lan, sof si Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal Eta a oswa sikonskripsyon eskolè ou a avèk deside otreman, timoun ki enplike nan pwosè pou plent lan dwe rete nan plasman akademik aktyèl li a.</p> <p>Si w ap aplike pou enskripsyon inisyal nan yon lekòl piblik, pitit ou a dwe plase, avèk pèmasyon ou, nan pwogram lekòl piblik la jiskaske tout pouswit fini.</p> <p>Si pwosè ofisyèl odyans pou plent lan enplike yon rekèt pou sèvis inisyal ki sou Pati B a soti nan yon timoun ki fè tranzisyon apati Pati C IDEA a rive nan Pati B a epi li pa elijib pou sèvis Pati C a paske timoun nan gen tan gen twa zan, sikonskripsyon eskolè a pa oblije founi sèvis Pati C a pitit ou an te konn resevwa a.</p> <p>Si timoun nan elijib pou edikasyon espesyal ak sèvis konsène yo ki stipile nan Pati B a epi ou bay pèmasyon pou disponiblite inisyal pou edikasyon espesyal ak sèvis konsène yo, sikonskripsyon eskolè a dwe founi edikasyon espesyal ak sèvis konsène sa yo ki pa nan litij ant ou menm ak sikonskripsyon eskolè a.</p> <p>Lè paran an osa sikonskripsyon eskolè a fè yon rekèt odyans sou pwosedi disiplinè IDEA a, timoun nan dwe rete nan Anviwonman Altènatif Edikasyonèl Pwovizwa a jiskaske kontestasyon an rezoud sòf si gen sikonstans espesyal. avèk/oswa ou menm epi sikonskripsyon eskolè a deside otreman.</p>

	<p>Si yon ofisyè odyans nan yon pwosè ofisyèl odyans dakò avèk ou deske yon chanjman pozisyon apwopriye, pozisyon sa a dwe reprezante yon akò ant Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal Eta a avèk ou rive jiska konklizyon odyans lan.</p>
<p>Kisa ki rive aprè retrèt la?</p>	<p>Validite Plent lan - ARSD 24:05:30:08.04</p> <p>Y ap konsidere pwosè ofisyèl odyans pou plent lan sifizan sòf si antite ki ap resevwa pwosè ofisyèl odyans pou plent lan, fè ofisyè odyans lan ak lòt antite a konnen alekri, nan espas 15 jou depi li resevwa pwosè ofisyèl odyans pou plent la, antite k ap resevwa a kwè pwosè ofisyèl odyans pou plent lan pa satisfè egzijans kontni IDEA a.</p> <p>Nan espas senk jou resepsyon yon avi konsa, ofisyè odyans lan dwe detèmine si pwosè ofisyèl odyans pou plent lan satisfè egzijans kontni IDEA a epi dwe avize antite yo toutswit pa ekri konsènan rezolisyon sa a.</p> <p>Yon antite kapab modifiye yon pwosè ofisyèl odyans pou plent sèlman si:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Lòt antite a dakò yon amandman alekri epi jwenn opòtinite rezoud pwosè ofisyèl odyans pou plent ki te amande a atravè yon Reyinyon Rezolisyon; oswa 2. Ofisyè odyans lan bay pèmision, eksepte ofisyè odyans lan ka bay pèmision sèlman pou amande nenpòt kilè pa pi ta pase senk jou anvan pwosè ofisyèl odyans pou plent lan kòmanse. <p>Tan ki defini epi ki aplikab pou yon pwosè ofisyèl odyans dapre Pati B a dwe rekòmanse nan moman antite a depoze yon pwosè ofisyèl odyans pou plent ki amande, ki gen ladan Reyinyon Rezolisyon an.</p> <p>Ou kapab depoze yon lòt pwosè ofisyèl pou plent sou yon pwoblèm ki pa fè pati pwosè ofisyèl odyans pou plent lan ou menm oswa sikonskripsyon eskolè a te depoze a.</p> <p>Repons Sikonskripsyon an pou yon Pwosè Odyans pou Plent Paran depoze</p> <p>Si ou se antite ki depoze pwosè ofisyèl odyans pou plent lan epi sikonskripsyon eskolè a pa voye yon avi pou ou anvan sa epi alekri dapre Pati B IDEA a konsènan sijè ki nan pwosè ofisyèl odyans pou plent lan, sikonskripsyon eskolè a dwe, nan espas 10 jou depi li resevwa pwosè ofisyèl odyans pou plent lan, voye yon repons ba ou ki enkli:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Yon eksplikasyon sou rezon ki fè sikonskripsyon eskolè a pwopoze oswa refize aksyon ki fè sifas nan pwosè ofisyèl odyans pou plent ou a; 2. Yon deskripsyon lòt opsyon yo ekip IEP a konsidere epi rezon ki fè yo rejte opsyon sa yo; 3. Yon deskripsyon chak pwosedi evalyasyon, estimasyon, dosye, oswa rapò sikonskripsyon eskolè a itilize kòm baz pou aksyon ki pwopoze oswa refize yo; epi 4. Deskripsyon lòt eleman ki enpòtan pou aksyon sikonskripsyon eskolè a ki pwopoze oswa refize. <p>Repons yon sikonskripsyon eskolè nan seksyon sa a pa dwe anpeche sikonskripsyon eskolè sa a pretann pwosè ofisyèl odyans pou plent ou an pat ase.</p>

Repons lòt enstans konsène nan pwosè ofisyèl odyans pou plent lan

Si sikonskripsyon eskolè a se pati ki mande pou pwosè ofisyèl odyans pou plent lan, paran k ap resevwa yon pwosedi odyans pou plent dwe, nan espas 10 jou aprè li resevwa pwosè ofisyèl odyans pou plent la, voye bay sikonskripsyon eskolè la yon repons ki reponn espesyalman pwoblèm ki te souve nan pwosè ofisyèl odyans pou plent la.

Reyinyon Rezolisyon - 34 CFR 300.510; ARSD 24:05:30:08.12

Si ou se antite ki fè rekèt pou pwosè ofisyèl odyans lan, nan espas 15 jou ki vini apre ou resevwa avi sou pwosè ofisyèl odyans pou plent lan, epi anvan inisyasyon pwosè ofisyèl odyans lan, sikonskripsyon eskolè a dwe konvoke yon Reyinyon Rezolisyon ki:

1. Enkli ou menm ak manb enpòtan Ekip IEP a ki gen konesans espesifik sou sijè yo idantifye nan pwosè ofisyèl odyans pou plent ou an;
2. Enkli yon reprezantan sikonskripsyon eskolè a ki gen otorite pran desizyon nan non sikonskripsyon eskolè a; **epi**
3. Pa enkli yon avoka sikonskripsyon eskolè a sòf si ou vini avèk yon avoka.

Ou menm ak sikonskripsyon eskolè a detèmine manb enpòtan Ekip IEP a ki pou patisipe nan Reyinyon rezolisyon an.

Objektif Reyinyon Rezolisyon an se pou ou debat pwosè ofisyèl odyans pou plent ou an, epi reyalye ki fè baz pwosè ofisyèl odyans pou plent ou an pou sikonskripsyon eskolè a gen opòtinite rezoud konfli ki alabaz pwosè ofisyèl odyans pou plent lan.

Reyinyon Rezolisyon sa a obligatwa sòf si:

1. Ou menm **avèk** sikonskripsyon eskolè a dakò alekri pou nou anile reyinyon an; **oswa**
2. Ou menm **avèk** sikonskripsyon eskolè a dakò sou pwosesis entèsesyon legal la ki dekri nan dokiman sa a.

Peryòd 30 jou Rezolisyon

Si ou pa satisfè jan sikonskripsyon eskolè a pako rezoud pwosè ofisyèl odyans pou plent la nan espas 30 jou depi lè yo resevwa pwosè ofisyèl odyans pou plent w te depoze a, pwosè ofisyèl odyans lan gen dwa fèt. Eksepte jan sa disponib pi ba, tan ki defini pou desizyon final sou yon pwosè ofisyèl odyans kòmanse nan ekspirasyon peryòd 30 jou rezolisyon an.

Sòf si ou menm ak sikonskripsyon eskolè a dakò anile Reyinyon Rezolisyon an oswa itilize entèsesyon legal la olye Reyinyon Rezolisyon an, si w pa patisipe w ap mete tan ki defini pou pwosesis rezolisyon an ak pwosè ofisyèl odyans lan an reta pou jis aprè Reyinyon Rezolisyon an fèt.

Si sikonskripsyon eskolè a pa kapab jwenn patisipasyon w nan Reyinyon Rezolisyon an aprè efò rezonab te finn fèt epi dokimante, sikonskripsyon eskolè a kapab, nan fen 30 jou peryòd rezolisyon an, mande pou yon ofisyè odyans rejte **pwosè ofisyèl odyans pou plent lan**.

Dokimantasyon efò sikonskripsyon eskolè a fè pou jwenn patisipasyon w nan Reyinyon Rezolisyon an dwe enkli achiv ki montre tantativ sikonskripsyon eskolè a pou li òganize yon moman ak yon kote ki konvab pou nou de a, tankou:

	<ol style="list-style-type: none"> 1. Achiv detaye apèl telefonik ki fèt oswa ki esye fèt epi rezilta apèl sa yo; 2. Kopi korespondans yo voye ba ou ak nenpòt ki repons ou resevwa; epi 3. Achiv detaye vizit yo fè lakay ou oswa nan travay ou epi rezilta vizit sa yo. <p>Si sikonskripsyon eskolè a pa fè Reyinyon Rezolisyon an nan yon espas 15 jou depi yo resevwa avi pwochè ofisyèl odyans pou plent ou a oswa li pa patisipe nan Reyinyon Rezolisyon an, ou kapab cheche entèvansyon yon ofisyèl odyans pou w kòmanse tan ki defini pou pwochè ofisyèl odyans lan.</p> <p>Ajisteman pou Peryòd 30 jou Rezolisyon an - ARSD 24:05:30:08.14</p> <p>Peryòd 30 jou rezolisyon an ajiste, epi tan defini pou 45 jou pou pwochè ofisyèl odyans lan kòmanse, jou aprè youn nan evenman sa yo rive:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Ou menm avèk sikonskripsyon eskolè a dakò pou nou anile Reyinyon Rezolisyon an alekri; 2. Aprè entèvansyon an oswa Reyinyon Rezolisyon an kòmanse men anvan fen peryòd 30 jou a, ou menm ak sikonskripsyon eskolè a dakò alekri pa gen akò ki posib; oswa 3. Si ou menm ak sikonskripsyon eskolè a dakò alekri pou kontinye entèvansyon an nan fen peryòd 30 jou rezolisyon an, men pita, ou menm oswa sikonskripsyon an deziste pwochè entèsesyon an. <p>Akò Alekri Antant lan - ARSD 24:05:30:08.15</p> <p>Si konfli a rezoud nan Reyinyon Rezolisyon an, ou menm ak sikonskripsyon eskolè a dwe egzekite yon akò obligatwa legal, ki se:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Siyati ou menm ak yon reprezantan sikonskripsyon eskolè ki gen otorizasyon siyen pou sikonskripsyon eskolè a; epi 2. Aplikab nan nenpòt ki tribinal Ozetazini. <p>Si ou menm avèk sikonskripsyon eskolè a egzekite akò règleman ekri a nan Reyinyon Rezolisyon an, swa ou menm swa sikonskripsyon eskolè a kapab anile akò a nan espas 3 jou ouvrab siyati akò a</p>
<p>Bagay pou konsidere</p>	<p>Tèm Pwochè Ofisyèl yon Plent - ARSD 24:05:30:09.05</p> <p>Ou menm oswa sikonskripsyon eskolè ki fè rekèt pwochè ofisyèl yon plent lan pa dwe ogmante pwoblèm nan pwochè ofisyèl plent lan ki pat konparèt nan pwochè ofisyèl odyans pou plent lan sòf si tou de antite yo dakò.</p> <p>Desizyon an legalman obligatwa, menm si w pa dakò ak desizyon an.</p> <p>Si yo konjire desizyon an, li pap reyalize tout otan <u>konjirasyon</u> an pa finalize.</p> <p>Se avoka ki gen abitud reprezante sikonskripsyon eskolè yo.</p>
<p>Konbyen sa koute</p>	<p>Sikonskripsyon eskolè a dwe enfòmè w nenpòt ki tarif oswa pri ba ki legal ak lòt sèvis enpòtan ki disponib nan zòn nan si:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Ou fè rekèt enfòmasyon an; oswa 2. Ou menm ak sikonskripsyon eskolè a depoze pwochè ofisyèl odyans yon plent

	<p>Si yon paran <u>anplwaye</u> yon avoka, sa ap pwòp depans yo. Gade pi ba a pou plis enfòmasyon sou onorè avoka.</p>
<p>Enfòmasyon Sipleman tè</p>	<p>Finalite Desizyon an</p> <p>Yon desizyon yo pran nan yon odyans se yon desizyon final, eksepte nenpòt ki antite ki enplike nan odyans lan ka fè apèl kont desizyon an atravè aksyon sivil.</p> <p>Aksyon Sivil - 34 CFR 300.516; ARSD 24:05:30:11</p> <p>Nenpòt ki antite nan pwosè ofisyèl yon plent (ou menm oswa sikonskripsyon eskolè a) ki pa satisfè ak dekouvèt yo epi desizyon ofisyèl odyans lan (ki enkli yon odyans konsènan pwosedi disiplinè) gen dwa mennen yon aksyon sivil ki gen pou wè ak pwosè ofisyèl odyans yon plent. Yo ka mennen aksyon sa a nan nenpòt tribinal Leta ki gen otorite pou tandè kalite ka sa yo oswa nan tribinal yon sikonskripsyon Ozetazini san konsiderasyon pou kantite polemik sa ka anjandre.</p> <p>Antite a ki ap mennen aksyon an gen 90 jou soti nan dat ofisyèl odyans lan pran desizyon fè rekèt pou aksyon sivil la.</p> <p>Nan aksyon sivil la, tribinal la:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Dwe resevwa achiv pouswit administratif yo; 2. Dwe tandè prèv sipleman tè lè antite a fè yon rekèt; epi 3. Baze desizyon li an sou preponderans prèv yo, dwe akòde soulajman tribinal la detèmine ki apwopriye a. <p>Pa gen anyen ki nan Pati B IDEA a ki mete restriksyon oswa limite dwa yo, pwosedi yo, ak resous ki disponib atravè Konstitisyon an, Lwa 1990 la pou Ameriken ki gen Andikap, tit V pou Lwa Reyabilitasyon 1973 la, oswa lòt Lwa gouvènman tal ki pwoteje timoun ki gen andikap, eksepte anvan depo yon aksyon sivil dapre Lwa sa yo ki ap chache soulajman ki disponib tou nan Pati B IDEA a, pwosedi pwosè ofisyèl la pou depoze plent pwosè ofisyèl odyans lan dwe epize nan menm nivo sa t ap ye si yon aksyon te fèt sou Pati B IDEA a.</p> <p>Frè Avoka a - 34 CFR 300.517; ARSD 24:05:30:11.01</p> <p>Nan nenpòt ki aksyon oswa pouswit anba Pati B nan IDEA a, tribinal la, ak vijilans, kapab rekonpanse onorè rezonab pou avoka kòm yon pati nan depans yo pou ou, si w se antite dominan an.</p> <p>Yo pa konsidere yon Reyinyon Rezolisyon kòm yon reyinyon konvoke ki gen kòm rezilta yon odyans administratif oswa aksyon nan tribinal, epi tou li pa konsidere tankou yon odyans administratif oswa yon aksyon nan tribinal pou rezon disponibilite onorè avoka sa yo.</p> <p>Tribinal la, ak vijilans, kapab rekonpanse onorè rezonab pou avoka kòm yon pati depans Pwogram Edikasyon Depatman yon Eta dominan oswa sikonskripsyon eskolè a, tribinal la ka mande avoka w la peye, si avoka w la depoze yon pwosè ofisyèl odyans yon plent oswa lakòz yon aksyon ki vini apre ki frivòl, derezonab, oswa san fondman, oswa si avoka w la kontinye pouswit apre litij la te gentan frivòl, derezonab epi san fondman.</p> <p>Tribinal la, ak vijilans, kapab rekonpanse onorè rezonab pou avoka yon pati depans Pwogram Edikasyon Depatman yon Eta dominan oswa sikonskripsyon eskolè, kote tribinal la egzije ou menm oswa sikonskripsyon eskolè a peye, si rekèt ou a pou</p>

	<p>pwosè ofisyèl odyans lan oswa aksyon ki vini aprè ki te prezante pou nenpòt objektif enkòrèk, tankou toumante, pou pwovoke reta ki pa nesèsè, oswa pou ogmante san bezwen pri litij la.</p> <p>Si ou se antite dominan an, tribinal la ap diminye onorè avoka a yo te rekonpanse w la dapre Pati B IDEA a, si tribinal la dekouvri, ou mwen ak avoka w la, pandan dewoulman aksyon an oswa pouswit la:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Retade rezolisyon final konfli a san rezon; 2. Onorè avoka w lan pi wo pase tarif lòt avoka ki nan kominote a pou sèvis ki parèy yo; 3. Tan ki pase a, sèvis legal yo livre bay avoka w la twòp swivan nati pouswit la; oswa 4. Avoka w la pa t bay lekòl la enfòmasyon apwopriye yo nan pwosè ofisyèl odyans yon plent lan. <p>Rediksyon disponibilite sa yo pa aplikab nan nenpòt aksyon oswa pouswit si tribinal la reyalize Depatman edikasyon Eta a oswa sikonskripsyon an retade rezolisyon final la san rezon oswa pouswit oswa te gen vyolasyon Pati B IDEA a.</p>
--	---

Dekouvèt ak Desizyon pou Komite Konsiltatif ak Piblik Jeneral

Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal Eta a, aprè yo elimine nenpòt enfòmasyon ki pèsone l idantifyab dwe voye dekouvèt yo ak desizyon ofisye odyans lan bay komite konsiltatif Eta a, epi rann dekouvèt sa yo ak desizyon sa yo disponib pou piblik la.

Transfè Dwa Parantal Alaj Majè

34 CFR 300.520; ARSD 24:05:30:16.01

Lè yon timoun ki gen yon andikap rive genyen dizwit lane, laj majè, (eksepte yon timoun ki gen andikap ki pa gen dwa oswa yo atribiye bay yon lòt antite), tout dwa ki nan Pati B IDEA a ki transfere soti sou ou rive nan pitit ou a ki majè eksepte sikonskripsyon eskolè a dwe founi nenpòt avi ki nesèsè dapre edikasyon espesyal pou ou ak pitit ou a ki majè.

Si pitit ou a nan yon prizon pou moun ki majè oswa jèn, Eta a, oswa enstitisyon koreksyonèl la, tout dwa ki nan Pati B IDEA a transfere bay pitit ou a lè li vinn gen 18 lane, laj majorite a.

Sikonskripsyon eskolè a kapab avize pitit ou a avèk ou sou transfè dwa yo.

Si, dapre lwa Eta a, yon timoun ki elijib ki pako gen dwa li yo elimine oswa atribiye bay lòt antite a pati desizyon yon tribinal detèmine pou li pa gen kapasite founi konsantman eklere pa rapò ak pwogram edikasyon yo a, sikonskripsyon eskolè a ka nonmen yon paran oswa, si paran an pa disponib, yon paran ranplasan pou reprezante enterè edikasyonèl timoun nan atravè kalifikasyon timoun nan nan Pati B IDEA a.

ABREVIYASYON AK SIYIFIKASYON

ARSD – Règ Administratif South Dakota a ki sitiye nan sit entènèt Konsèy Rechèch Lejislatif South Dakota a: <http://sdlegislature.gov/Rules/DisplayRule.aspx?Rule=24:05>.

Plan Entèvasyon Konpòtman – oswa plan sipò konpòtman an se plan ranplasman konpetans pwofesè epi jere konsekans pa ranfòse konpòtman yo vle yo pozitivman.

Timoun ki gen andikap – Timoun ki gen andikap vle di yon timoun ki evalye an akò ak §§300.304 atravè 300.311 kòm yon timoun ki gen yon andikap entelektiyèl, yon pwoblèm pou tandè (ki gen ladan soud), yon twoub nan diskou oswa langaj, yon enfimite vizyèl (ki gen ladan avèg), yon twoub emosyonèl grav (refere nan pati sa a kòm "twoub emosyonèl"), yon enfimite òtopedik, otis, aksidan twomatik nan sèvo, lòt pwoblèm sante, yon twoub aprantisaj, ki soud-avèg, oswa plizyè andikap, epi ki, pou rezon sa yo, bezwen edikasyon espesyal ak sèvis konsènne yo.

CFR – Kòd Règleman Gouvènmantal

Konsantman – Konsantman enfòmè vle di ke ou te byen enfòmè sou tout enfòmasyon ki gen rapò ak yon aktivite kote yo fè rekèt pou konsantman.

Jou – vle di jou ki nan kalandriye a sòf si yo endike li tankou yon jou ouvrab oswa yon jou lekòl.

Pwosè Ofisyèl – yon tèm legal ki refere ak pwosedi ki pwoteje dwa yon moun. Nan edikasyon espesyal, lè yo ba w pwosè ofisyèl sa vle di yo swiv pwosedi pwoteksyon yo, epi tou li dekri pwosè odyans administratif (pa egzanp 'Pwosè Ofisyèl yon plent' ak 'Pwosè Ofisyèl Odyans').

Lwa sou Dwa Edikasyon Familyal (FERPA) – se yon lwa gouvènmantal ki pwoteje entimite dosye edikasyon elèv la.

Edikasyon Piblik Apwopriye epi Gratis (FAPE) – Tèm 'Edikasyon Piblik Apwopriye epi Gratis' oswa 'FAPE' vle di edikasyon espesyal ak sèvis konsènne yo ki: yo bay sou kont depans piblik, anba sipèvizyon ak direksyon piblik, epi san yo pa chaje; satisfè nòm **Ajans Edikasyon Eta a** (SEA); enkli yon lekòl matènèl apwopriye, lekòl primè, oswa lekòl segondè nan Eta ki enplike a; epi yo bay li konfòmman ak yon pwogram edikasyon endividalize (IEP).

Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA) – Yon pwosesis pou rasanble enfòmasyon pou konprann fonksyon (objektif) yon konpòtman pou kapab ekri yon plan entèvasyon efikas pou konpòtman.

Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan - Ou gen dwa pou gen yon IEE pitit ou a sou kont depans piblik, si ou pa dakò avèk yon evalyasyon sikonskripsyon eskolè an fè.

Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) – Dokiman paran yo devlope ansanm omwen chak ane ak pèsonèl lekòl la ki gen sèvis yo bay pou timoun ki gen yon andikap.

Ekip IEP – Gwoup moun ki pran desizyon konsènan idantifikasyon, evalyasyon, plasman akademik yon timoun ki gen yon andikap epi dispanse yon edikasyon piblik gratis ak apwopriye epi ki devlope, revize, ak modifiye IEP timoun nan.

Anviwònman Edikasyon Altènatif Pwovizwa (IAES) – Yon plasman diferan de sa yo mande nan IEP timoun nan kote timoun nan dwe kontinye gen aksè a kourikoulòm ki nan edikasyon jeneral la epi resevwa sèvis ki pèmèt timoun nan pwogrese nan direksyon pou satisfè objektif anyèl IEP timoun nan. Yo mete yon timoun nan yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa nan sitiyaasyon ki enkli disiplin.

Pati B - Pòsyon IDEA a ki aplikab pou sèvis yo bay timoun ki gen andikap yo ki gen ant 3-21 lane.

Pati C – Pòsyon IDEA a ki aplikab pou sèvis yo bay timoun yo depi lè yo fèt rive 3 lane.

Enfòmasyon ki Idantifyab Pèsonèlman (PII) – se nenpòt ki done ki kapab idantifye yon endividi espesifik.

Sèvis Konsène yo – Transpòtasyon ak lòt sèvis sipò devlopmantral epi korektif ki obligatwa pou ede yon timoun ki gen yon andikap pou li kapab benefisyè edikasyon espesyal la.

Jounen lekòl – Nenpòt ki jou, ki gen ladan yon jou pasyèl kote timoun yo nan lekòl pou rezon ansèyman. Jounen lekòl la gen menm siyifikasyon pou tout timoun ki lekòl, sa ki enkli timoun ki gen andikap ou pa.

SDCL – Lwa Kodifye nan South Dakota

SEA – Ajans Edikasyon Eta a: Konsèy Edikasyon Eta a oswa lòt ajans oswa ofisye prensipalman responsab pou sipèvizyon lekòl piblik primè ak segondè Eta a.

Edikasyon Espesyalize – ansèyman ki fèt espesyalman, gratis pou paran yo, pou satisfè bezwen inik yon timoun ki gen yon andikap, ki enkli ansèyman ki fèt nan sal klas la, nan kay la, nan lopital ak enstitisyon, ak nan lòt anviwònman; ak enstriksyon nan edikasyon fizik. Edikasyon espesyalize la gen ladan tou chak bagay sa yo: sèvis patoloji pou diskou-langaj, oswa nenpòt lòt sèvis konsène, si sèvis la konsidere kòm edikasyon espesyal olye yon sèvis konsène dapre nòm Eta a; fòmasyon pou vwayaj; ak edikasyon pwofesyonèl.

Sèvis Tranzisyon – Yon seri aktivite kowòdone pou yon timoun ki gen yon andikap ki (1) ki fèt pou li nan yon pwosesis ki oryante rezilta yo, ki konsantre sou amelyore siksè akademik ak fonksyonèl timoun ki gen andikap la pou fasilite mouvman timoun nan soti nan lekòl la rive nan aktivite aprè-lekòl la, ki gen ladan edikasyon aprè lekòl, edikasyon pwofesyonèl, travay entegre (ki gen ladan travay sipòte), k ap kontinye ak edikasyon pou granmoun, sèvis pou granmoun, lavi endepandan, oswa patisipasyon nan kominote a; (2) ki baze sou bezwen endividyèl timoun lan, pran an kont fòs timoun lan, preferans, ak enterè; e li gen ladan: enstriksyon; sèvis konsène yo; eksperyans kominotè; devlopman travay ak lòt objektif lavi granmoun aprè lekòl; ak si sa apwopriye, akizisyon abilite lavi chak jou ak disponibilite yon evalyasyon fonksyonèl pwofesyonèl.

RESOUS

Depatman Edikasyon – Repezantan Rejyonal

Depatman Edikasyon South Dakota

Pwogram Edikasyon Espesyal

800 Governors Drive

Pierre, SD 57501-2294

telefòn - (605) 773-3678

faks - (605) 773-3782

<https://doe.sd.gov/sped/>

Sous pou w Kontakte pou Asistan Siplemanchè pou w Konprann Dwa w yo

Koneksyon Paran South Dakota

3701 W. 49th Street, Suite 102

Sioux Falls, SD 57106

1-800-640-4553

www.sdparent.org

Dwa pou Andikap South Dakota

2520 East Franklin

Pierre, SD 57501

1-800-658-4782 (voice/TTY) or

(605) 224-8294

<https://drsdlaw.org/>